ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№1-2 (23.660) ● 2018 гъэм щІышылэм (январым) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«2014 - 2043 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ фэтэр куэд хъу унэхэм я мыгуэша Іыхьэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м

Налшык къалэ **№220-ПП**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«2014 - 2043 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ фэтэр куэд хъу унэхэм я мыгуэша Іыхьэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 25-м къыдигъэкІа унафэ №42-ПП-мкІэ къищтам, хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

● КЪБР-м и Парламентым

Щіэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным теухуауэ

Псори зэрыщыгъуазэщи, зэпымыууэ зызыужь экономикэм и лъабжьэр щіэныгъэм и къэхутэныгъэхэр, иджырей технологиехэр тэмэму икІи зэманым къигъэувхэм ялэджэжу къэгъэсэбэпынырщ. Абы и лъэныкъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр къырихьэлІэу КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым иригъэкІуэкІа зэІущІэр.

ЗэІУщІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщім и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КЪР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыІэ **ДыщэкІ Мадинэ**, КЪР-м и Парламентым и депутатхэр, КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Урысейм Щіэныгъэхэмкіэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым я лІыкІуэхэр, КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

Къэпсэльэхэм къыхагъэщхьэхуІащ республикэми зэрыщыту къэралми егъэджэныгъэмрэ щіэныгъэмрэ я лъэныкъэкІэ сыт щыгъуи ябгъэдэльа зэфІэкІышхуэм зэрыкІэрымыхуар, ауэ ар иджыпсту тэмэму къэгъэсэбэпа зэрымыхъур. Абы и щхьэусыгъуэр щіэныгъэмрэ егъэджэныгъэ Іуэхумрэ зэпэгъэщхьэхуІа зэрыхъурщ, ахэр зэпыщІауэ щытынымкІэ Іэмал пыухыкІахэр зэрыщымыІэрщ.

ЗэІущІэм доклад щищІащ КЪР-м егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Къэжэр Артур**. Абы кьыгъэльэгъуащ егъэджэныгъэмрэ щіэныгъэмрэ жьлагъэу зыужьыныгъэм и лъабжьэ зэхъыщхьэу сыт щыгъуи къыззэрекІуэкІыр. Къэралым и экономикэм зэрызиужьыну гъэзэгур щагъэтэмэм иджырей лъэхъэнэм академическэ щіэныгъэм и щытыкІэм гулъытэ хэха хуэщІын хуейщ.

Къэжэр Артур и докладым къыхэщащ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щіэныгъэ Іуэхущіапіэхэмрэ щіэныгъэ проект щхьэхуэжэ пхыгъэкІыныжмкІэ конкурсхэм жьыджэру зэрыхэтыр. Щіэныгъэлі ныбжьыщІэхэмрэ аспирантхэмрэ КЪР-м щекІуэкІ щіэныгъэ къэхутэныгъэхэм жьыджэру кьыхэшэныжмкІэ сэбэп мэхъу КЪР-м и Щіэныгъэлі ныбжьыщІэхэмрэ Іэщіагъэлі хэмрэ я советыр. Ар КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, республикэм щыІэ щіэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм зэпыщІащ икІи абыхэм я программэхэм щіэныгъэлі ныбжьыщІэхэр хэлэжьыхьынымкІэ къызэрегъэпэщ. Апхуэдэу, хабзэ зэрыхъуам тету, Урысейм щіэныгъэм и махуэм ирихьэлІэу советым къызэрегъэпэщ щіэныгъэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрыт щіэныгъэлі ныбжьыщІэхэм я проект нэхъ гъэщІэгъэнэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр.

ИлъэсиІ 10-м щІигъукІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ хъарзынэ щекІуэкІащ естественнэ, гуманитар щіэныгъэхэм хиубыдэу къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыным республикэм и щіэныгъэлІхэр, егъэджакІуэхэр, студентхэр тегъэгушхуэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр пхагъэкІырт Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкІэ урысей фондымрэ Урысей гуманитар щіэныгъэ фондымрэ я хьэкъІэ. А зэгуэхэныгъэхэм я грантхэр щіэныгъэ Іуэхущіапіэу, республикэм и щіэныгъэлІу куэдым кьагъэсэбэпащ. Грантхэм я хьэкъІэ щіэныгъэ конференц зэмылІэужьыгъуэхэм кІуэхэрт, монографие, диссертацІэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІырт, зыхуей Іэмэпсымэхэр кьащэхурт.

Ауэ щіэныгъэ проектхэм я конкурсхэр кьызэгъэпэщыным трагъэкІуадэ ахъшэр къамыутІыпщыкІ хъущ республикэм еэым кьыгъыс ахъшэр зэрыхимылъхъэным кьыгъэкІыу. Абы иужькІэ ізэрылъагъуу Іэрыхуащ КЪР-м и щіэныгъэлІхэм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хиубыдэу ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм я бжыгъэм.

Апхуэдэу къэпсалъэм жиІащ щіэныгъэинновацІэ Іуэхур нэсу зэгъэуІуауэ зэрыщымытыр. Зы лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, фундаментальнэ къэхутэныгъэхэм, технологием я лъэныкъуэкІэ хэкІыпІэ хъарзынэхэр щыІэщ, Іэщіагъэ нэс зыбгъэдэлъ цІыхухэмрэ абыхэм щіэныгъэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну Іэнатіэхэмрэ республикэм хурокъу. Ауэ къэхутэныгъэщІэхэмрэ щіэныгъэм и зэфІэкІымрэ Іэнатіэхэм нэгъэсауэ кьыщагъэсэбэпу жьыпІэ хъунухьмы. Абы и щхьэусыгъуэр щіэныгъэлІхэм я нэхъыбэр кьыхутэныгъэхэр кьэгъэсэбэныным зэрыхэмыщІарщ, инвесторхэр зэрымащІэрщ, щіэныгъэ-техникэ къэхутэныгъэщІэхэм щІэупщІэшхуэ зэрамыІэрщ, республикэм инновацІэ лэжьыгъэм шэщІауэ пэрыт предприятэхэр зэрыщымыІэрщ.

«Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щіэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущіапіэм и педагогикэ институтым и унафэщІ **Михайленкэ Ольгэ** тепсэлъыхьащ щіэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэпыщІауэ егъэкІуэкІыным хуэгъэзауэ. Абыхэм ящыщщ щіэныгъэ лэжьакІуэхэм я нэхъыбапІэм ныбжьыщхъэ зэраІэр, щіэныгъэ лэжьакІуэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным и лъэныкъуэкІэ аспирантурэм хуэфэщэн кьаІэн зэрыщэфІмылъыкІыр, егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ кьэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ зэпыщІауэ зэрыщымытыр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэу абы кьызэхуэсахэм гу лъагирагъэтащ щіэныгъэ нэхъыщхьэм и программэхэр пхыгъэкІынымкІэ иджырей Іэмалхэр зэрыщымыІэм икІи абы кьыхэкІыу университетыр кьэзыухэм ящыщ куэдым экономикэм иджырей зэманым къыбгъэдэхуэ Іуэхухэр зыхуэдэр нэгъэсауэ кьаззэрыгурымыІуэм, абы кьыхэкІыу яхуэфэщэн лэжьапІэ зэрамыгъуэтым.

Зытепсэлъыхьа Іуэхум езыхэр зэреплъыр зэІущІэм щыжаІащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щіэныгъэ центрым и унафэщім и къуэдзэ **Улаков Махты**, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым щіэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор **Езауэ Анзор** сымэ.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ абы хэтахэм къащтащ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкІахэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Гъэлъэпіэн хуейуэ къыдолъытэ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иджыблагъэ тхыгъэкІэ зыкъыхуигъэзащ Урысейм щыпсэу адыгэхэм я федеральнэ лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и президент Узэхутэ Александр. Ар топсэльыхь адыгэхэм я щэнхабзэм, тхыдэм, литературэм лъэужьк дахэ къыхэзына щіэныгъэлІ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист, тхакІуэ Къардэнгъущ Зырамыкіу къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъу пІаІэр Іэтауэ гъэлъэпІапхъэу къызэрилъытэм.

«Къыщалъхуар, щыпсэуар Къэбэрдей-Балъкъэрыр ара пэтми, Зырамыку Адыгеймри, КъШР-ми, Шапсыгьми, Кавказым и адрей щіынальэхэми зэрыщылэжьар нобэм къэс куэдым яфІэгъэщІэгъэну къаІуэтэжк... Щіэныгъэлім къызэригъэпэща экспедицэхэм кьаригкІуэхэр махуэ къэс кьагъэсэбэп адыгэхэм я макъамэ, уэрэд щэнхабзэр зыджкэм», - итщ тхыгъэм.

Узэхутэ Александр кьелъытэ адыгэхэм я щэнхабзэм, фольклористикэм зегъэужьынымкІэ фЫщІэ ин зыбгъэдэлъ цІыхум и цІэр Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым фІащыну хуэфащэу.

Фыкъеджэ 2-нэ, 5-нэ напэкІуэцІхэм.

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

ЩІышылэм и ялэ махуэхэм

Іуащхьэмахуэ щіыналъэмрэ Эльбрус къуажэмрэ я администрацэхэм Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм иджыблагъэ къыщыззэрагъэпэщащ туристхэм пщІэ щамыту я автомашинэхэр кьыщагъанэ хъуну хъумапІэщІэхэр. Псори зэхэту гъэувыпІэщІэхэм я бжыгъэр 1500-м щІегъу.

ИлъэсыщІэм и ялэ махуэхэм, щІышылэм и 1 - 2-хэм, Прохладнэ - Бахьсэн - Азау федеральнэ автомобиль зекІуапІэм, Іуащхьэмахуэ лъапэ ухуэзышэ гъэзу закъуэм, «Иткол» санаторэм кьыщыщІэдзауэ Азау хуэм нэсыху дэлъ зэхуакум (километри 4,5-рэ и кІыхьагъщ) автомашинэхэр щызэтрихьауэ щытащ, мы щІыпІэм кьакІуэ зыгъэпсэхуакІуэхэм я бжыгъэр а лъэхъэнэм кьэдыщэ зэрыхъуам кьыхэкІыу.

Зи машинэхэр гъэувыпІэщІэхэм кьыщызынэ туристхэр лыжэ кьежэхыпІэхэм пщІэншэу икІи лъэпощхьэпоуншэу нашэсыфынущ абы папщІэ яГъэхьэзыра микроавтобус 16-м. А кьалэныр абыхэм махуэ кьэс яГъэзащІэ пщэдджыжьым сыхьэти 8-м кьыщыщІэдзауэ 18 хъуху.

УФ-м и МВД-м Іуащхьэмахуэ щіыналъэм щиІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэр гъуэгум набдзэгубдзапІэу кІэлъоплъ: Азау хуейм дэкІуейкэр ялэ ирагъэщри, кІэлъыкІуэу Чегет бгым и лъабжьэм зыщызыгъэпсэхунухэр яутІыпщ.

ТАРИМ Алисэ.

КъыхэтхыкІым пожьэ

Урысей Федерацэм и щіыналъэи 9-м къыщапщытэнущ къыхэтхыкІыным щіыхуэхэр зэрыхуэхьэзырыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хагъэхьащ Іуащхьэмахуэ районыр.

КЪЭРАЛ статистикэмкІэ УФ-м и Іуэхущіапіэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм хъыбар кьызэрыдигъащІамкІэ, мы Іуэхум хэтынущ щіыналъэ администрацэм, къэрал кьулыкъущіапіэхэм я лэжьакІуэхэр, районым и депутатхэр.

2018 гъэм и кІэм нэсыху ирагъэкІуэжыну кьэпщІэныгъэхэм ялкъ ИТУ къыхэтхыкІыныгъэхэр зэрекІуэкІыну мардэхэмрэ абы теухуауэ щІыху кьэс ищІапхъэмрэ щагъэзгъуэзэнущ Іуащхьэмахуэ районым хиубыдэ жылагъуэ псори. ИлъэсыщІэм и пэ махуэхэм кьыщыщІэдзауэ Кавказ Ищхьэрэм и щіыналъэхэм ящышу Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я жылагъуэ зыбжанэм щекІуэкІынущ мы лэжьыгъэм хуэдэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Псынэдахэ къощІэрэщІэж

Иджыблагъэ мы къуажэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхыхьэр зытеухуауэ щытар «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху къуажэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу мыбы щащІа, Щэнхабзэмкіэ унэр къызэІухыныр.

А ДАУЭДАПЩЭМ хэтыну Псынэдахэ къэкІуащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Ті., КЪР-м и Правительствэм и Унафэщім и ялэ къуэдзэ - КЪР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров А. С., Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щіыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Р. Хь., КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ М. Л. сымэ, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу гуфІэгъуэм кьрихьэлІащ районым хиубыдэ къуажэхэм я Іэтащхьэхэр, организацэ, Іуэхущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, къуажэдэсхэр.

ЗэІущІэм къыщыщыпсалъэм Мусуков Алий Іуэху гуфІэгъуэмкІэ къызэхуэса псомии ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщащ Псынэдахэ дэсхэм я дежкІэ ІуэхущіапіэщІэр илъэсыщІэ тыгъэ гъуэгуанэ къызэрилъытэр.

«Мыпхуэдэ проекткІэ яща, Щэнхабзэмкіэ унэ республикэм щыбгъуэтынукъым», - къыщІигъужащ Джатэ Руслан.

Къуажэм и нэхъыкъэм я советым хэт Доткъуэ Борис хьэщІэхэм, апхуэдэу къэралым, республикэм, районым я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ жьлэр нэхъри зыдэбжьыфІа ухуэныгъэм папщІэ.

Щэнхабзэмкіэ унэщІэр щащІым иджырей технологиехэр кьагъэсэбэпащ. Абы и пэш нэхъыщхьэм щыху 300 щІохуэ. Апхуэдэу мыбы хэтщ библиотекэ хъарзынэ, администрацэм папщІэ пэшхэр. Псори зэхэту ухуэныгъэм сом мелуан 43-рэ текІуэдащ. Ар кьыхэкІащ федеральнэ, республикэ бюджетхэм.

ЩОКЪУИЙ Аминэ.

НОБЭ

♦Таиландым щагъэлъапІэ сабийхэм я махуэр

♦1781 гъэм Москва къыщызэІуахащ Пётр Езанэм и цІэр зыфІаща театрыр. Иджыпсту ар Театр Инырщ.

♦1863 гъэм дунейм щыяпэу Лондон къыщызэІуахащ метрополитен. А гъэзгум километри 3,6-рэ и кІыхьагът.

♦1920 гъэм кьару игъэтащ Франджым щыІэ Версаль уардзунэм 1919 гъэм мэкъуэгъуэм и 28-м Іэ зыщытрадзауэ щыта зэгурыІуэныгъэм - Ямэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техъуэм.

♦1943 гъэм Дзэ Плъыжьым Нартсанэ кьалэр нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІигъэжьажащ.

♦1946 гъэм Лондон къыщызэІуахащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и ямэ зэІущІэр.

♦2010 гъэм уголовнэ тезырыщІэм - «и унэм щІэкІыну хуит зымыщІ» жьыхуІэм - кьару щигъуэтащ Урысей Федерацэм.

♦Урыс тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Сталиным и саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦«Черкес плъыжь» (иджы «Черкес хэку») газетым и ямэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Уэхъутэ Анзор** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, ІуэрыІуатэдж, КЪР-м и цІыхубэ артист **Къардэнгъущ Зырамыку** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Украинэм и ямэ президенту щыта **Кравчук Леонид** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ **Теличкинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦МэкъумэшщІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шукай ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыну щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩІэблэ зыщІэмыхъуэр лъэпкъ хъуркъым.

1918 ЛъэпкъылI щэджащэ Къардэнгъущ Зырамыку

Адыгэ щэнхабзэм и пхъуантэдэлъ

Дуней псом зы адыгэ тету къыщІэкІынкъым Къардэнгъущ Зырамыку и цІэр зэхэзымыхарэ ар фІыуэ зымылъагъурэ. Зырамыку хуэдэ лІы щэджащэхэр илъэсищ къэс зэ къызыщІэхъуэ лъэпкъым и насыпщ. Къызыхуалъхуар лъэпкъыр игъэгуфІэну, игъэбжьыфІэну арати, а къалэн лъапІэр гъэззщІэныр пасэу, щІалэ дыдэу щІэзыдза Зырамыку щыхуэ къытехуауэ жызыІэфын адыгэ уафэмрэ щыльэмрэ я зэхуакум къыдэбгъуэтэну къыщІэкІынкъым.

ИлъэС куэд дыдэкІэ адыгэлI щыпкъэ Къардэнгъущ Зырамыку гурэ псэкІэ хуэлэжьащ адыгэ щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ. Ауэ сытми хуэлажьэ къудейкъым - ищІэр хъуэ, абы ищІам ущыІетІэззщІыхьыжьи щымыІэуц ар сытым дежи зэрыпажьэр. И художественнэ тхыгъэхэми и хъыбар къэІуэтэжькІэхэми «Къардэнгъущ» дамыгъэр ятельщи, а лъэпкъ дамыгъэр зыхэбгъэгъуэщэн щыІэкъым. Ар зейр Зырамыкущ! ЩІэнигъэлI Къардэнгъущым зэхуихьэсыжа хъыбарыжь, уэрэдыжь къомыр-щэ! Ахэр адыгэ щэнхабзэм и пхъуантэдэль мыкІуэдыжьну игъащІэ псокІэ ди лъэпкъым бгъэдэлъыну мылъкуищхъущ.

Абы адыгэ уэрэдыжьхэр уахътыншэ зэрищІар-щэ! Зырамыку ахэр зэригъэзащІэм хуэдэу жызыІэфын диІауи диІэную фІэщ щыгъуейщ. Ар уэрэджьыкІыу къудейтэкъым - уэрэдхэм ешьм и псэр яхилъхьэрт, и бзэр яІурилъхьэрт, ахэр тхыдэІуатэ псэльэгъу телъыджэ къытхуищІырт. А Іэхуэмкlэ Зырамыку зебгъэщхьыну ухуежьэныр щхьэгъэпцІажщ. А цІыху хьэлэмэтым ещхьу уэрэд пхужьІэн щхьэжьІэ... етІуанэу мыхъуу, езы Къардэнгъущ Зырамыкуу ущытын хуейщ - абы и псэр пІуту, и гур, и макъыр уиІэу. Апхуэдэ къэхуу щымыхабзэкІэ, зы Зырамыкущ дэ зэкІэ диІэр. Мис а Зыр дыхъэсакъыу тхьумэу, абы хэмыфащэ пщІэрэ щІыхьрэ щыІэтэкъыми, ахэр лъыдгъэсащ, зыхуей хуэдгъэзащ, дяпэ идгъэтыну кхьилажьыртэ.

Зырамыку Къардэн-гъущІэкъым, атІэ нартхэ я гъукІэ Лъэпкъ и кІыщым щапсыхьа Къардэн-жыр къызэфІэмыщІэжт. Алыхьым къызэрихъумамрэ зэрыжьр быдэмрэщ ар къэдрэ зыгъэпсэуар.

ЕлгъэР Кашиф,
КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ.

ЛІы и Іуэхуу хэкум ирищІыхьар

Илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, Къардэнгъущ Зырамыку къыфІащауэ щытащ ди республикэм и цІыхубэ артист цІэ лъапІэр. Сэ фІыуэ къызгуроІуэ апхуэдэр къэзымылэжьам фІащ зэрымыхабзэр. ИтІанэми «цІыхубэ», «щІыхь зиІэ» псалъэхэр зыпыт цІэ лъапІэ зезыхьэ псори схуэзэхуэгъэдэнухъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Зырамыку хуэдэ закъуэтІакъуэхэр (цІэ лъапІэ хуагъэфэщауи хуамыгъэфэщауи щрет), псоми къахощхьэхуКІ я ІуэхущІафэмкІи, а Іуэху зыбгъэдэтыр лъагэу зэралэтымкІи.

ИлъэС 70-м нэблагъуэ а лІы щэджащэр ди лъэпкъ щэнхабзэм хуолажьэ, илъэс 60 хьуауэ адыгэ щыпсэу щІыпІэ кІымыгъанэу уэрэдыжьхэр, хъыбархэр, псалъэжьхэр зэхуехьэс, зэхуехьэсри тхылъу къыдегъэкІыж. Илъэс 50-м щІигъаущи, абы и уэрэд жьІэкІэр цІыхубэм ямыужьгъуу, щІэщыгъуэр имыкІыу, едаІуэр псэкІэ ихьэхуу кьоІу.

Сэ сщІэркъым Тхьэуэ дыкъэзыгъэщІам Зырамыку и натІэ къритха мыгъуагъэ къомыр тІэкІу хигъэгъущэжьи щхьэкІэ гъуэзджэр гуэдзэ къыхуищІами, «фІы куэдыІуэ лъысащ» жиІэу, щІегъэжу лъэпощхьэпо хэмыкІ ищІыжами. Ауэ сщІэр зыщ: КъардэнгъущІыр зымыщІыхуэкъым «Зи насып!» жаІэ. Ауэ абы и гъащІэр къыззэрекІуэкІам нэхъ куУІуэу щыгъуаззэкъм: «Къардэнгъущ - къудейкъым, гъущ дыдэщ, апхуэдиз щишэчакІэ», - дыщІагъуж.

Гукъеуэ мащІэ илъэгъуакъым, и нэхъыжьи и нэхъыщІи зэкІэлъыкІыу зыбжанэ щІилъхьэжащ, и Іэпкълъапкъым узыфэ къыхьхьати, абыи еБэныфащ. А псор зыщІэ языныкъуэхэм «ИтІанэми уэрэд жеІэф!» - ягъэщІагъуэ. Ауэ, сэ къызэрысфІэщІымкІэ, а уэрэдхэр, хъыбарыжьы зэхуихьэсыж къомыр мыхъуатэмэ, Зырамыку къытехуа хьэлъэр хэмышэчынри хэлът.

Зэгуэр зэман къэхъунущ, «Ар сытым щыгъуэт щыщІыар?» - щІэупщІэмэ, «Къардэнгъущ Зырамыку и зэманым», - жаІэу жэуап ятыжу. Мис абы щыгъуэ цІыху къызэрыгуэкІым и пщалъэу щытынур Зырамыку хуэдэхэр зэралъытэу щытарщ. Нобэ зи цІэр ву куэдым я цІэхэр кІуэдыжьынурэ, хьэрэмыгъэкІэ зэзыльэсфэлари къызидкІам кІуэжьынущ. Къэнэнур лІы и Іуэхуу хэкум иращІыхьарщ, лъэпкъым хуащІэрщ. Ди зэманым Андемыркъан и хъыбарыр къызэрысам хуэдэу, нобэ фІы зыщІэм и хъыбарымрэ и Іэужьымрэ мыкІуэдыжьу кьэнэнущ. Апхуэдэщ Зырамыку и макъ телъыджэр, абы итхыжа тхылъхэр, и ІуэхущІафэ дахэр. Нобэ а лІы щыпкъэм уеплъэ узэплъыжмэ, уэ къызэбгжьІынури къэпщІэнущ.

ГъУТ Іэдэм.
2008 гъэ

КъБР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми и мызакъуэу, Адыгейми Шэрджэсми фІыуэ щалъагъу Къардэнгъущ Зырамыку илъэс куэд щІауэ щолажьэ щэнхабзэм, мащІи мы Іэнатlэм щызэфІигъэкІакъым. Ар икІи щІэныгъэм и гъэзу мытынышм еш имыІэу ирокІуэ. Ар Іуэрыlуатэр, уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыжьынымкІэ, елэжьынымкІэ зыхуэдэ щымыІэ лэжьакІуэ жыдэжрщ.

«НартхэР» тхылъыр Налшыки Москваи къыщыдэкІауэ зэрыщытам фыщыгъуазэщ. Абы ихуахэм и лэжьыгъэ хэлъщ Къардэнгъущым. Псалъэм папщІэ, Щэбэтыкъуэрэ Мэлычыпхъурэ теухуахэр зэхуэзыхьэсыжари зыхуей хуэзыгъэзари аращ.

Адыгэ жылэхэр, жыжьэми гъунэгъуми, къыззэкІухьурэ, абы итхыж уэрэдыжьхэм я мыхьэнэр пхуэмылъытэну инщ, цІыхухэм зыпащІ щІыжьхым. Апхуэдизу, къэзщтэнщи, «Хъымсад и гъыбзэр», нэгъуэщІхэри.

И насыпщ Къардэнгъущ Зырамыку хуэдэ цІыхум. Ухуеймэ, Тыркым, ухуеймэ, Иорданием, ухуеймэ, дэнэ лъэныкъуэкІи гъаз - ар къыщамыцІыхуэрэ абы и гугъуфІ щамыщІрэ адыгэм и мэ зыщыуа щы кІапэ мы дуней псом теткъым.

А псор абы къыхуэзыхьар и лэжьыгъэращ. Куэд, куэд дыдэ щІауэ макІуэ а лІы щыпкъэр щІэныгъэм и гъэзугкІэ, жыжьи нэсащ. Сыт хуэдиз лэжьыгъэ зэфІэгъэкІа хьуа! Псоми псори ямыщІэнкІэ махъу. Зырамыку уэрэджьІакІуэ къудейуэ фІэкІа зымыщІи щыІэщ, ауэ дэ, щІэныгъэм зи Іэри зи щхьэри, зэрыжжаІэу, хэлъхэм, дольагъу абы ищІэр зыхуэдизыр. Къапщтэмэ, Зырамыкущ ди япэ щІэныгъэлI, тхыдэхутэ Нэгумэ Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» и лэжьыгъэ уасэншэр ззэыдэзэкІыу адыгэр и анэдэлъхубзэмкІэ къезыгъэджар. Ар 1957 гъэм Налшык тхылъу къыщыдигъэкІауэ щытащ.

Куэдым тредзэ щІэныгъэлI жыджэрым, еш, щхьэх зымыщІэм и жьауэр. Дэ, Адыгейми и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлIхэм дащІыгъуу, куэдрэ дызэдежьэн хуейуэ къытхуохуэ. Иорданием дыкІуауэ, зи сигу икІыжырыкъым абы псалъэ гуапэу Зырамыку къыщыхужаІауэ щытар. Дэни ущрохьэлІэ абы и уэрэдхэр зытет пластинкэхэм, щІэныгъэм щызэфІигъэкІа Іуэхуфlхэр сыт хуэдэ щІыпІи щащІэ.

ХЬэдэгъэлI Аскэр,
Адыгейм и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэ.
2003 гъэ

Щхьэх зымыщІэм и жьауэр

Зырамыку, Нало Заур, Бэрэгъун Владимир сымэ профессор Гиппиус Е. В. и унэм щолажьэ.
Москва, 1978 гъэ

Шортэн Аскэрбийрэ Зырамыкурэ.
1962 гъэ

КъардэнгъущІхэ я унагъуэр. Зырамыку лъахъшэу щысщ. *Псыгуэнсу кІуажэ, 1924 гъэ*

Абы и уэрэдхэр тхыдэщ, бзэщ, хабзэщ

Куэд щІауэ соцІыху Зырамыку. ДыкъакІуэмэ, дыззхуозэ. Ди насып кьихьри, Иорданым нэкІуати, абыи дыщІэзбгъэдэсащ, и гушыІэрэ уэрэдрэ жедгъэІэу. Сешамэ е гукъеуэ гуэр сиІэмэ, Зырамыку и уэрэдхэм содаІуэ, лъэпкъым и тхыдэр, и гъащІэр си нэгум щІэкІым хуэдэу. Мыбы сыкъэкІуэжауэ сыщыщыІэм и деж, маХуитІ-щы нэхъыбэ дзэмыгъэкІыу, сокІуэри сыбгъэдос. Іыхьшыхьу ущІыхьамэ, къэщІэлэжауэ, и макъри жьгъыру къэхъужауэ, сэри сэм зигъэпсэхуауэ сыкъыщІокІыж.

ЗырамыкУ лъэпкъым хуищІам и мыхьэнэр къэІуэтэгъуейщ. Абы и фІыщІэкІэ куэд хъума хъуащ лъэпкъым и фІыгъуэу, фэ къытезыгъауэу. Зырамыку уэрэду зэхуихьэсыжам зэманрэ лэжьыгъэшхуэрэ зэрепхар гурыІуэгъуащ. Хьыбарыжь, уэрэдыжь къыбжезыІэжьи къэгъуэтын, ар къэбгъэпсэлъэфын, птхын, а псор тептхыкІыжьи хуейщ. Апхуэдэу уэрэд 200 - 300 уеІэжьи жыхуэпІэр Іуэху тынш? Абы щыгъэжьи цІыа Совет властым и къалэну къилъытэрт Іуэрыlуатэр зэхуэхьэсынри, щІэныгъэлI гуп зэригъэІуурэ игъэлажьэрт. Хуабэти, щІыІэти, ди унэжьти жамыІэу лэжьакъэр мыхъуамэ, ар къэзыІуэтэжа лІыжьхэм, фызыжьхэм Іуэрыlуатэр здахъыжьынут. Си щхьэ Іуэху, си унагъуэ Іуэху жимыІэу, абы зэрытелэжьам щхьэкІэ фІыщІэшхуэ хузощІ Зырамыку.

Сэ щІэх-щІэхыурэ Зырамыку телефонкІэ сепсалъэрти, гу лъыстат и уэрэдхэм зэрытегузэвыхьым, ахэр зытет плёнкэхэр зэманкІэ кІуэдыжьыну, зэпыщІыну жаІэу зэхьэзохри согузавэ къыщыІэжи1эм, сфІэемыкІуаеу а гупсысэр абы щхьэщыІэмыхьыну. Зырамыку ишІа лажьыгъэм, абы къаруу уэ тригъэкІуэдам елъытауэ сытым щыщт а уэрэдхэр лазер дискым требгъэтхэным ихьынур. Арати, дискым техуэр трезгъатхэри, езыми Зырамыку и уэрэдхэр фІыуэ зыльгъагъу си ныбжьэгъуэхэми яхуэзгугъшащ. Сэ ар мыльку къызыхэпхьи, сату зэрыпщІ хъун Іуэхум схунэгъэсасхьым, абы елэжь фирмэ тэмэмым ахъшэшхуэ ептын хуейти. Ауэ а трезгъэтха тІэкІри си дежкІэ лъапІэщ, сыту жыпІэмэ Зырамыку и уэрэдхэр, иджыри зэ къытызогъэззэкри, икІи тхыдэщ, икІи бзэщ, хабзэщ, цІыху къызэрыгуэкІхэр, пщыкъэр зэрызэхущыту щытар, лъагъуныгъэр, нэгъуэщІ Іуэхухэри къытхуэзыІуатэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, ар лъэпкъ щІэнгъуазэ хуэдэу мэхъу. Адыгэм, ди насыпти, Зырамыку, макъ дахэкІэ уэрэд жиІэ къудей мыхъуу, лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм теухуа щІэныгъэм бгъэдэлът. А псори зы цІыхум и деж щызэхуэхьэсауэ куэдрэ къэхъуркъым.

Куэдрэ согупсыс лъэпкъым зыгуэр хуэзыщІэф цІыхухэр Іэтын, гъэлъэпІэн, зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейм. Ар щІэблэм дежкІэ щапхъэ хъунущ. «Зырамыку ищІатэкъэ хуэзэфІэкІ, хэт ар къэзыфІэІуэхуар?» - жаІэу я щхьэ Іуэхум, я унагъуэ Іуэхум нэхъ зратынкІэ хъунущ лъэпкъым зэрыщхьэпэн щІэныгъэрэ Іэшдагъэ тэмэмрэ зиІэу щІалэгъуалэм яхэтым. Илъэс 80 - 90-кІэ узэІэбэкІыжмэ, тхауэ зыри диІэтэкъым. Иджы тхылъкІи, театркІи, университеткІи нэгъуэщІ лъэпкъхэм дакъыззэрыкІэрыхуу щыІэжькъым. Хэкум никІыу хьэщІэ нэкІуахэм щІэныгъэлI, тхакІэ, усакІуэ яхэтмэ, сригушхуэт, дэри зы лъэпкъ дыззэрыщыщыр, ди щІыбагъ тхыдэшхуэ, хабзэ, щэнхабзэ къыззэрыдэтыр дызыхэсхэм ягурыдгъэгъуну Іэмал дгъэтырти.

- «Зырамыку и уэрэдхэм псори едаІуэрэ?» - жиІэри, зыгуэр къыззэупщІат. Абы жэуапу естыжаращ: Шекспир и тхылъхэм псори еджэрэ, Гёте псоми яцІыхурэ, Чайковскэм псори едаІуэрэ? Ахэр щІыщІэр щІэныгъэ зиІэ, зи псэкІэ, зи щэнхабзэкІэ абы хэхъьэзыр цІыхухэращ.

Нобэ щыІэ уэрэд цІыкІухэм ущедаІуэкІэ, зыри уигу къыгъэкІыжкъым. Зырамыку и уэрэдхэм уагъэпІейтей, тхыдэм, ди адэжьхэм я щащІэм ужешэ. Зырамыку сыбгъэдэсащэрэт жысІэу си гуапэу сыщІохьэри, «Уэлэхьи, сыхьэлъэм, сысымаджэм», - жиІэу сыкІуами, тІэкІу тІэкІуурэ згъэгушыІэурэ, дыздэуэрщэрурэ, гукъыдэж иІэ мэхъуж. Зырамыку и цІыхэгъуэ Жанпагуи хуабжьу къыдоліалІэ, ерыскъы Іэфі зэрыдигъэшхынум яужь иту. КІэщІу жыпІэнукъым, гуапэщ а унагъуэр, абыи сыкъэкІуэжарт жыпІэу укъыщІокІыж.

АмЩЫКЪУЭ Хьэшим.
Иордание.
2003 гъэ

Тхылъ телъыджэ

«КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку и махуэ дэтхэнэри лэжьыгъэкІэ гъэнщІауэ, лъэпкъым хуэщхьэпэн Іуэху зэрихуэ зэпыту мэпсэу» жыІэмэ, егъэлея хъуну си гугъэкъым. Абы и зы щапхъэщ мыр. Зыкъом щІауэ сымаджэщ Зырамыку, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхэзекІуэ иІэжькъым. Абы къыхэкІыу, пІалъэ-пІалъэкІэрэ дыщІэупщІэн хуей мэхъу и узынишагъэм. Я унэ дыщыкІри щыІэу, ауэ адыгагъэм къеззгъыщэу щымыт телефонщІэупщІэр нэхъыбэу. Мис апхуэдэу телефонкІэ сыпсэльауэ сыздыщІэупщІэм, ерагъкІэ псалъэхэр зэпищэурэ Зырамыку мыпхуэдэу къызэлъэІуащ: «Къыщ, Борис, иджыблагъэ къыдэкІа си тхылъым автограф фхутестхауэ щылъщи, зыгуэр къэгъакІуи егъэхьыхь». «Тхьэразы къыпхухъу» жысІащ, къыддэлажьэ хъыджэбз щыкІу згъакІуэри къезгъэхьыжащ. Сеплъмэ, - «АндемыркъанкІэ» еджэу хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмкІэ ди лъэпкъым игугъэ ящІ. Ар лІы-хъужьым теухуауэ напэкІуэцІ 400-м нъыззрыхьэсу тхылъ зэзэщІэлъ! Сэ згъэщІагъуар Зырамыку ахэращ. Ар къыщІэкІа тхылъ бзыззрыдигъэкІаркъым. Зыкъым икІи тІуькъым абы и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъ купщафІэу дз дыкъызэзджар, ди тхылъ шкафкэм щыдгъафІэу дэлъхэр. Хьэуэ, сэ згъэщІэгъуар нэгъуэщІ: афІэкІа узыншагъэ имыІэжу, пІэм щыхэлъыр нэхъыбэу, дауэ ар абы зэрелэжьыфар?! И нэІэ тетурэ зи тхылъ дунейм къытехьа дэтхэнэми ещІэ ар зэрымытыншыр, нэхъыщхьэм и гугъу умыщІи, нэщыбгъи, зэгъэззэхуэн хуейуэ Іуэху пщэщэн куэд къызэрыкъуэкІыр. Зырамыку цІыху гумызагъэ дыдэу зэрыщытыр Іуэхум хэплъхьэжмэ, къызыщыгъэхъуагъуейкъым ар абы зэрыщхьэщысар зыхуэдизыр. Аргуэру, Іэкіи псэкІи тельэщыхьэрэ, аргуэру зы тхылъ гъуэзджэ лъэпкъым тыгъэ къыхуищІащ Зырамыку.

ІУТІЫЖ Борис.
2003 гъэ

ЗдагъэтІысынур ящІэтэкъым

ГъащІэм фІыщІэ хуэпщІу, ухуэзарэзыуэ упсэуным а зыр урикъунщ Къардэнгъущ Зырамыку пцІыхуу, удэлажьэу мы дунейм утетыну.

МЫЗЭУИ мытІэуи сэ къысхуихуащ Зырамыку и ГъусэУ гъэзгу сытехьэну, ди къуажэхэм, Адыгейм, Шапсыгъым дыкІуэу, нэхъыжьхэм депсэльэну. Зырамыку къэзыцІыхуэр Іэплъэешэкіт, ар и хъыбаркІэ фІэкІа зымыщІэхэм закъригъэцІыхуамэ, я нэм, я псэм хуахьырт. Плъагъуну фІэкІа хууейтэкъым ахэр зэрыгуфІэмрэ я нэхэм хуабагъэгуапагъэу къыщІэувэмрэ. Зырамыку дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэм дежкІи хьэщІэ лъапІэт, здагъэтІысынур ямыщІэу.

Къардэнгъущ Зырамыку уэрэд зыжриІэр цІыхуэхэм, адыгэхэм ди закъуэкъым. Ар жыг хадэ къэзыгъэкІ, зеэныхь емызэщыжщ. Зырамыку и жыгхэм дзапэ уэрэд яжреІэ икІи я гъунэгъуэхэм я жыгхэм гъаблэ дахьу, зы хъурей къыщыпымыкІэми, абы ейхэр гъатхэ къэс, лІы щхьэпэм къыхуэгуфІэу, къотІэпІри къогъагъэ, бжьыхьэм фІэхуэр фІэлъу мыІэрысхэмрэ кхъужьхэмрэ зэщІаблэ, ину, хабзэу, джабэплъ хъужауэ. Ар Зырамыку зызригъэлІэлар къелІэлІэжу аращ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.
2003 гъэ

Адыгэ щэнхабзэм и тхьэмадэ

У-адыгэм, уемызэщу,
ЖыІэ и цІэр Зырамыку,
Езыр псэкІэ хуэлажьащи
КъимыкІуэту ар ди Хэку.

Фашистыщэм къезымыкуу
КъэкІуэжауэ Зырамыку,
Зыми зыкІи зырамыкум
Езыкуфу Зырамыку.

ІуэрыІуатэ пхъуантэдэлъхэр
ЗэІубэ зыщІу Къардэнгъущ,
Адыгэлъэ здыпэсахэм,
Нэсыфауэ Къардэнгъущ.

Уэрэдыжьхэм псэщІэ хилъхьэу
ЖызыІэжу Къардэнгъущ,
Гуащэгъагъхэм жаІа гъыбзэр
Зыгъэжьгъыжьгъыу Къардэнгъущ.

Хъуэжэ «щІыгъуу» кьикІухьыфу
Лы Іущ щыпкъэу Къардэнгъущ,
Зи лэжьыгъэм ин ящІауэ
Лы цІыкІу щхьэшхуэу Къардэнгъущ.

Зи гушыІэр япэ иту,
Гуп и уасэу Къардэнгъущ,
Жыг гъэжІыным хуэІэнжьу
Гъуазэ пэжу Къардэнгъущ.

Уэрэдыжьхэр къыдихыжу
Тыгъэ зыщІу Къардэнгъущ,
Шэрджэс лъэпкъхэм я щэнхабзэм
И тхьэмадэу Къардэнгъущ.

Хабзэ-бзыпхъэр зэзыпхэкІыу
Къардэнгъущ ІхэзыІэ Зырамыку,
Хэкум фІыгъуэу къытхуэпщІахэр
Дапщэщ, сыткІэ пхуэтщІажьи?!

ЖЫЛАУ Нурбий.
Зеикъуэ къуажэ

И ІэдакъэщІэкІхэм щыщхэр

Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ. Пьесэ. *Налшык, 1940 гъэ*

Уэращ зи фІыщІэр. Хуумыгъэгъу. Зыщумыгъэгъупщэ. Усэхэр. *Налшык, 1945 гъэ*

Нартхэр. Къэбэрдей эпос. (Бзыдыкъуэрэ Мэлычыпхъурэ я циклхэр). *Налшык. 1951 гъэ*

Къэбэрдей цІыхубзэ уэрэдыжьхэр. *Налшык, 1955 гъэ*

Хъуэжэ. Пьесэ. *Налшык, 1956 гъэ*

Нэгумэ Шорэ. Адыгэ народым и тхыдэ. (АдыгэбзэкІэ зэридзэкІащ). *Налшык, 1958 гъэ*

Мыщэ шу. Сабийхэм папщІэ рассказхэр. *Налшык, 1958 гъэ*

Дыщэ кІанэ. Адыгэ таурыхъхэр. *Налшык, 1959 гъэ*

Къэжэр Индрис и уэрэдхэр. *Налшык, 1959 гъэ*

Хъуэжэ и таурыхъищэ. *Налшык, 1959 гъэ*

Ныбжьэгъу пэж. Сабийхэм папщІэ рассказхэр. *Налшык, 1960 гъэ*

Золотая крупинка. Кабардинские сказки. *Нальчик, 1961 гъэ*

Уэрэдыльэ. Иджырей уэрэдищэ. *Налшык, 1962 гъэ*

Адыгэ Іуэрыlуатэхэр. *Налшык, I томыр - 1963 гъэ, II томыр - 1970 гъэ*

Хъыбарыжь кІэщІхэр. *Налшык, 1963 гъэ*

Къэбэрдейм и иужьрей джэгуакІуэшхуэ Агьнокъуэ Лашэ. *Налшык, 1964 гъэ*

Адыгэ псалъэжьхэр. *Налшык, I томыр - 1965 гъэ, II томыр - 1967 гъэ*

Испъэмей къафэм и щІэр къызэрежьам и хъыбар. *Налшык, 1965 гъэ*

Агьнокъуэ Лашэ и усэхэр. *Налшык, 1966 гъэ*

Япэ адыгэ цІыхубз усакІуэ Чым Пэщхъан. *Налшык, 1968 гъэ*

Джэгуакіуэшхуэ, усакіуэ Іэзэ Мыжей Сэхьид. *Налшык, 1971 гъэ*

Хэт хъуну Андемыркъаныр? *Налшык, 1973 гъэ*

Нарты. Адыгский героический эпос. *Москва, 1974 гъэ*

Іей пщІауэ, фІы ущымыгугъ. Пьесэ. *Налшык, 1975 гъэ*

Кабардинские народные сказки. *Москва, 1977 гъэ*

Адыгэ уэрэдыжьхэр. *Налшык, 1979 гъэ*

Къабардэрэ Алъгудрэ. Пьесэ. *Налшык, 1980 гъэ*

Кабардинские народные сказки. *Москва, 1980 гъэ*

Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов. *Москва, I т. - 1981 гъэ, II т. - 1981 гъэ, III т. - 1986 гъэ*

Нэгей и къуэ Лъэпщагъуэ. Адыгэ таурыхъхэр. *Налшык, 1981 гъэ*

Верный друг. Рассказы для детей. *Москва, 1981 гъэ*

Адыгэ хъуэхъуэр. *Налшык, 1985 гъэ*

Адыгэхэр къызэрыфэ пшынальэхэр. *Налшык, 1989 гъэ*

Адыгэ уэрэдхэмрэ пшынальэхэмрэ. *Налшык, 1990 гъэ*

Хъуэжэ и таурыхъищэ. *Мейкъуаепэ, 1994 гъэ*

Нартхэр. Къэбэрдей эпос. *Налшык, 1995 гъэ*

Адыгэ хабзэу щыІахэр. *Налшык, 1995 гъэ*

Мэлычыпхъу и хъыбархэр. *Налшык, 1997 гъэ*

Гушыlэ хъыбархэр. *Налшык, 2001 гъэ*

Андемыркъан. *Налшык, 2002 гъэ*

Адыгэ лъэпкъ пшынальэхэр. *Налшык, 2004 гъэ*

Кабардинские народные сказки. *Нальчик, 2004 гъэ*

Хэт нэхъ ин? Таурыхъхэр. *Налшык, 2005 гъэ*

Зырамыкурэ абы и щхьэгъусэ Жанпагуэрэ.
1955 гъэ

Зырамыку и къуэ Николай
(1940 - 1979 гъгъ.)

Зырамыку и къуэ Мартин
(1950 - 1990 гъгъ.)

Зырамыку и къуэ Бетlал
(1952 - 1987 гъгъ.)

ЗауэлIхэм я тыгъэхэр унагъуэхэм иратыж

●Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм дыгъэгъаазэм и 14-м щекIуэкIа зэхыхьэм щратыжащ Хэку зауэшхуэм хэтахэу, иджы мыпсэужхэу: зауэлI (рядовой) Махуэ Мухьэмэд Iэюб и къуэм «ЛIыхъужьныгъэ зэрызэрихьам папщIэ» и медалыр - абы и къуэ Iэмырбий; сержант нэхъыщIэ Хьэшкул Мусэ Машэ и къуэм къыхуагъэфэща «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Белград хуит къызэращIыжам щхьэкIэ» и медалхэр - абы ипхъу, Къущхьэхэ я нысэ Людмилэ; гвардием и майор Мэрэкъуэ Мухьэмэд Мусэрбий и къуэм къыхуагъэфэщахэу Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэмрэ абы дыщIагъуэ тхылъымрэ, апхуэдэуи, «Кавказыр зэрахъумам папщIэ» и медалыр - абы ипхъу Риммэ.

ГУАПАГЪЭ инкIэ гъэнщIа зэIущIэм хэтащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан**, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и унафэщI **Елчэпар МуIэед**, Бахьсэн кIалэм, Бахьсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссар **Сосналы Мухьэмэд**, Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ жылагъуэхэм я администрацэхэм я тхьамадэхэр, лакIыкъэзу Махуэжх, Хьэшкулхэ, Мэрэкъуэхэ я щIыкIыкIуэхэр, армеец ныбжьыщIэхэр, районым и курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, нэгъуэщI хэрр.

- Нобэрей дэ зэхыхьэм и жэрдэмщIакIуэ нэхъыщхьэу къэпльытапхъэщ **Нэхущхэ Ахьмэдрэ** абы и бынхэу **Дианэ, Арианнэ**, **Инал** сымэ. Мыхэращ 2015 гъэм и мазае лъандэрэ, зыр и лэжьыгъэм кьыпэрыкIрэ адрейм и еджэныгъэм зыкъыдигъахуэу, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щIыпIыкIэхэр, зезыхьахэм ящыщу цIыхуэм 100-м щIигъум, иджыри къыздэсым зи къеклуэкIыкIам тэмэму дыщымыгъуазэхэм, я цIэ-унэцIэхэр сэтей къэзыщIыжахэр, СССР-м и къэрал дамыгъэ лъапIэмэ ящыщу 87-м яIэрыгъэхьажахэр, - къыхихгъэщхьэкIащ Джатэ Руслан, зэхьыхэм кърихьэлIахэм защыхуигъазэм.

Нэхущ Ахьмэд тепсэлъыхьащ ирагъэкIэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм, Махуэ Мухьэмэд, Хьэшкул Мусэ, Мэрэжхъу Мухьэмэд сымэ зауэ IэнатIэм щызэрахьа лIыхъужьныгъэм, я гъащIэм теухуауэ къахутахэм.

Мэхуэж, Хьэшкулхэ, Мэрэжхъуэ я лIыкIуэхэр зыщыщ лакъуэхэм кьабгъэдэкIыу зэхьхьэм и къызэрэпэщащIуэхэм фIыщIэ ин хуащIащ, хьэхъуэпсальи зэхрагъэхащ, ялжжьам и мыхьэнэр къаззэрыгурыIуэри къыхагъэщащ.

Сосналы Мухьэмэд жиIащ зэхьхьэр къаззэрехьулIаи, абы и къызэрэпэщащIуэхэм лэжьыгъэ ин зэрыратхьэкIэкIари, нэгъуэщIхэри.

- Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм къыпщIэхьуэ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэныжьмкIэ, блэкIам пщIэ хуащIу ахэр къзгъэтэджыныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч хэлъкъым, - къыхихгъэщащ абы. - КъыхэсэщIыпхъэщ зауэ IэнатIэм Iутахэм ящыщ куэдым къызэрамыгъэзэжахэр. Абыхэм я цIэхэр къыхэлIыжащ Дзэлыкъуэлажэ дзт Фэеплъ блыным, районым и жылагъуэ къэс щагъуэва мывэ пхъэбгъуэхэм. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэзыхьа дзэлыкъуэдзэхэм я фэеплъ нэхур дэ сыт щыгъуи дигу илъынщ, гъуэзи тхуэхъунщ.

ЩОКЪУИЙ Аминэ,
Дзэлыкъуэ щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэ.

Апхуэдэщ Габуние

Абхъаз Республикэм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием, ЩIДАА-м, РАЕН-я и академик, щIэныгъэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м урысыбгъэмрэ бзэщIэныгъэмкIэ иIэ кафедрэм и профессор Габуние Зинаидэ насыпыфIэу къэплъытэ хъунущ, езым пхиша лъагъуэм тету щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIыу, къыхуэныкъуэ дэтхэнэми щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу хуэхъуу мэпсэури.

●Япэ итхэр

КъыIэрыщIэкIымкIэ, Зинаидэ археолог Iэщ Iагъэм щIэхъуэпсу щытащ, ауэ Iуэхур нэгъуэщIу къэкIэрэхъуэкIри, ар Абхъаз къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым абхъазыбзэмрэ урысыбзэмкIэ иIэ кудамэм щIэтIысхат. ЗэрыжиIэмкIи, щIегъуэжакъым. ЦIыхур щIеджэр, Iэщ Iагъэ щIызэригъэуэтыр лэжьэн, псэун папщIэщи, нобэр къыздэсым ар зэрыпсэур а Iэщ Iагъэрщ.

Зинаидэ зэрыгушхуэхэм ящыщщ Iэщ IагъэлI, щIэныгъэлI нэхъыфI дыдэхэм я деж щеджэну Iэмал зэриIар, уеблэмэ абыхэм едаIуэу итха лекцэхэр нобэр къызэдасым зэрихьумэр.

ФIы дыдэу еджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь абы профессор Балъкъэр Борис и пащIэу щIэту КъБКъУ-м щыпхигъэкIащ и кандидат лэжьыгъэр. Мыгувэу абы къыкIэлыкIуащ и доктор диссертацэри.

1970 гъэм лэжьэн щIэзыдза Зинаидэ абы лъандэрэ зы махуи димыгъэхуауэ, уеблэмэ кIуэтэху нэхъ щIэщыгъуэ щыхъуу и IэнатIэм пэрытщ. КъыхэсэщIыпхъэщ абы и Iадакъэ щIэныгъэ хъэхутэныгъэ лэжьыгъэ 330-м нэс, монографиеу 14 къызэрыщIэкIар, и нэIэ тету кандидат лэжьыгъэу 23-рэ, доктор лэжьыгъэу 3 зэратхар. А псом къмщынэмысыщIэу, я гъащIэ хэлъу къызэрагъэпэщащ грант къызэрахьын проектих.

Зинаидэ и методикэ чэнджэщхэр къыщагъасэбэп бзэщIэныгъэм телажьэу еджапIэ нэхъыщхьэм щыIэхэм, къэхутэныгъэ езыгъэкIуэкI студентхэм.

Зинаидэ щIэныгъэщхэу зэрыбгъэдэлъым уеблэмэ, абы «Сэ си кIалэныр мыбдеж щеух жиIэнукъым», къэхутэныгъэхэр фIэгъэщIэгъэунщ, и гуащIэ зэрыхилъхьэным яужь итщ. Аращ ар куэдым я псэм щIыдыхьэри, фIыуэ кIыщIальагъури.

И лэжьыгъэр гулъытэнщэ зэрымыкъуам и щыхьэтщ абы щIыхь фIыщIэ тхылъ пщIы бжьыгъэхэр къызэрыхуагъэфэщар, абыхэм къищынэмыщIауэ, абхъазыбзэ-адыгэбзэ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ Абхъаз Республикэм и «Ахьдз-апша» орден нэхъыщхьэм и III нагъыщэр къызэрыратар.

Пэжжьигъэм къыдэкIуэу ар хэтщ лъэпкъ журнал куэдым, уеблэмэ лингвистикэмкIэ хамэ зэралхэм къыщыдэкIэкIи, я редколлегием, КъБР-м щылажьэ ЦIыхубз Хасэ зэгухьэныгъэм.

Абхъазыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я пщIэр къэзыIэтхэм ящыщ Габуние Зинаидэ. ЕхъулIэныгъэ куэд дяпэкIи иIэну, уэныншу лэжьэну ди гуапэщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Фэеплъ тхылъхэм ятеухуа гуныкъуэгъуэ

●Дэ кьытхуатх

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIуэу щытащ ди республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуадэхэм я цIэ-унэцIэхэр зэрыт фэеплъ тхылъхэр. Ар лэжьыгъэшхуэщ, зэфIэзыгъэкIахэми щытхъэшхуэ яхуэфащэщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а тхылъхэм щыуагъэ куэд кIуащ.

АРУАН районым хыхьэ Джэрмэнщык къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм кIуащ цIыхуи 176-рэ, абыхэм ящыщу 95-м я псэр ятащ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ. Абыхэм я цIэ-унэцIэхэр зэбгрыдзауэ итщ япэ тхылъымрэ еплIанэмрэ. Апхуэдэу куэдым я цIэр, я унэцIэр зэрытхар, щыхэкIуэда гъэхор, мазэхэр тэмэмкъым. Къинэмыщ Iауэ, зауэм щымыIахэри итщ хэкIуэдауэ, апхуэдэу абы кьикIыжу иджыри илъэс бжьыгъэкIэ псэужахэри итщ.

2014 - 2016 гъэхэм фэеплъ тхылъхэр щIэуэ кьыдагъэкIыжащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а тхылъхэм кIуащ щыуагъэ куэд. Псалъэм папщIэ, Къардэн Хьэрэталий Мушат и къуэр, 1922 гъэм кьалъхуар, япэ тхылъым и 165-нэ напэкIуэдым итщ 1942 гъэм щыщкъуэгъуэм и 8-м Сталинград дежь зауэм щыхэкIуадэу. Зы тхылъым ар Налшык кьалэм и спискэм хэтщ, адрейм Шэджэм районым я спискэм хатхащ. Апхуэдэ дыдэу Соблир Мусэ Хьэцырэ и къуэм теухуа тхыгъэхэм щыуагъэ куэд кIуащ кьыщалъхуамрэ щыкъэкIуэда щыпIэмэ, мазэм екъэлIауэ.

ЕплIанэ тхылъым и 225-нэ напэкIуэцIым итщ Ажоев Хьэбас 1924 Джэрмэншык къуажэм кьыщалъхуауэ, 1942 гъэм и мэкъуаугъэуэ мазэм зауэм хэкIуэдауэ, Новгород кьалэм щыщIалъхьауэ. Апхуэдэ ди жылэм дэсакьым. Дэсащ Ажий Хьэбас ХьэтIмаш и къуэр, 1924 гъэм кьалъхуар, зауэм и пэм кьыщыщIэдзауэ и кIэ дыдэм нэс хэтар. Зауэ нэужьым ар колхозым щылэжащ, 2008 гъэм дунейм екьжащ.

Ди къуажэ дэсахэу ЛIуп Жыраслъэн ТIалиб и къуэмрэ Хьэщыкъуей Зырамыкиу Нэгъуей и къуэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр итщ япэ тхылъыми еплIанэми. Апхуэдэу ди къуажэгъуэгу Ажийхэ ХьэтIмаш и къуэкIэ Мурадинрэ Мухьэтдарэ, ПатIыкъуэ Хьэбалэ Хьэцу и къуэр, Бекъазы Нащхъуэ Псэун и къуэр, Жэрщыты Хьэмид Умар и къуэр, КIыщокъуэ Iэдэм Темыркъан и къуэр, ЛIуп Данил Индрис и къуэр, Кьумал Дзокъуэ Болэт и къуэр, Шыджнэ Мэжид Хьэжбочыр и къуэр, Шыджнэ Хьэщыкъэ Кьасым и къуэр, Шыджнэ Шагьир Щауей и къуэр Аруан районми Шэджэм районми я спискэм хэтщ.

Си адэ ЛIуп Данил Индрис и къуэр, япэ тхылъым зэритымкIэ, 1899 гъэм кьалъхуащ, 1938 гъэм зэрададжащ, 1942 гъэм и шыщкъэуIум и 1-м зауэм хэкIуэдащ икIи Мартыновскэ районым хыхьэ Батлавскэ станицым щыщIалъхьащ. Ари пцIыщ. Пэжыр еплIанэ тхылъым и 292-нэ напэкIуэцIым итырц. Ар 1895 гъэм кьалъхуащ, 1941 гъэм дзэм зэрададжащ, 1943 гъэм и шыщкъэуIу мазэм Харьков деж зауэм щыхэкIуэдащ.

Джэрмэншык щIэп заводым щылажьэауэ зауэм хэкIуадащ щIалих. Ахэр Налшык кьалэм щыщхэм я спискэм хатхащ. ГъэщIэгъуэныращи, зауэ нэужьым кьэкIуажахэри хэкIуадауэ итщ тхылъым. Апхуэдэхэщ, хэкIапщтэмэ, Жьакъэ Хьэжпагуэ Чызэ и къуэр (1914 - 1981), Соблир Пащу Хьэмашэ и къуэр (1913 - 1998), ХьутIэ Хьэжжьасым Мэзан и къуэр (1920 - 1986). Ахэр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, зауэм псэууэ кьикIыжащ, хьэлэлу щылэжащ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм.

Зауэм щымыIа Семэн Мухъутар Товэж и къуэр, 1910 гъэм кьалъхуар, 1942 гъэм и фокIадэм зауэм хэкIуадауэ итщ еплIанэ тхылъым и 285-нэ напэкIуэцIым. Мухъутар 1986 гъэм дунейм екьжащ. Зауэ зэманым абы кьыкIэлыкIуэ илъэсхэми трактор бригадэм и пашэу зэжьа ЛIуп Хьэбас Мамушэ и къуэр (1906 - 1967) 1942 гъэм зауэм хэкIуадауэ итщ еплIанэ тхылъым.

Фэеплъ тхылъым ихуакъым Джэрмэншык щыщу зауэм хэкIуадахэу Дыджэш Мурад Iэсхьэд и къуэм, Орджыконкъуэ Хьэшыр Батырбэч и къуэм, Тау Шэпсэдин Хьэтхъуэ и къуэм, Шыджнэ Мэзан Цу и къуэм, Шыджнэ Темыр Кьанщауэ и къуэм, Щоджэн Исуф Лъостэнбэч и къуэм, Щоджэн Мухьэмэт Мырзэ и къуэм, Щоджэн ФIыцIэ ТIрашэ и къуэм я цIэ-унэцIэхэр.

Ди къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы хэкIуадахэмрэ ятеухуа апхуэдиз щыуагъэ итщ тхылъхэм. Дауи, апхуэдэ мытэмэмагъэхэр щыкIуащ. Къэбардей-Балъкъэрым и нэгъуэщI щIыпIэхэм ящыщу фронтым Iутахэм ятеухуа тхыгъэхэми.

КьыззэрысLъытэмкIэ, апхуэдэ щыуагъэхэр зэгъэзэхуэжьи хуейщ. Зауэм хэкIуадахэм я цIэ-унэцIэхэр зэщыщ жьыIэхэмкIэ зэхэдзауэ тхауэ щытамэ, Iуэхур нэхъ тэмэм хъунут.

Мыри щIыIэгъужьщи си жагъуэ зэрыхъущи, Фэеплъ тхылъхэр иратакъым зи адэ зауэм хэкIуадахэм. Ахэр тыгъэ хущащ къуажэ адміністрацэм, школ библиотекэхэм.

ЛIУП Нурхьэлий,
Джэрмэншык къуажэм и Ветеранхэм я советым и тхьамадэ.

ТВ Iэтынхэр

Бэрэжьей, щIышылэм и 10

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.15 «Контрольная закупка»
09.50 «Жить здорово!» (12+)
10.55 «Модный приговор»
12.15, 17.00, 01.45 «Время покажет» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.00, 02.45, 03.05 «Мужское / Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.45 «На самом деле» (16+)
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
21.35 Т/с «САЛЬСА» (16+)
23.40 Ночные новости
23.55 Х/ф «ШЕРЛОК ХОЛМС. ПУСТОЙ КАТАФАЛК» (16+)
03.40 «Модный приговор»

РОССИЯ 1

05.00 «Утро России»
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
09.15 «Утро России»
09.55 «О самом главном». Ток-шоу (12+)
11.40, 14.40, 17.40, 20.45 Вести. Местное время
12.00 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
13.00 «60 минут» (12+)
15.00 Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (12+)
18.00 «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
19.00 «60 минут» (12+)
21.00 Т/с «ДВÊ ЖИЗНИ» (12+)
00.40 Т/с «ЛЮБОВЬ - НЕ КАРТОШКА» (12+)

КТВ

05.00, 06.05 Т/с «СУПРУГИ» (16+)
06.00, 07.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
07.05, 08.05, 10.25 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.20 Т/с «ПОДОЗРЕВАЮТСЯ ВСЕ» (16+)
12.00, 14.00 Т/с «АДВОКАТ» (16+)
13.25 Обзор. Чрезвычайное происшествие
16.25-17.25 ПРОГРАММА НОТР «НАЛЬЧИК». «ДРУЖБА-2». «Страницы истории». Баграт Шинкуба (12+)
17.25, 19.30 Т/с «ПЕС» (16+)
23.15 Х/ф «БОЙ С ТЕНЬЮ-2. РЕВАНШ» (16+)
01.55 «Квартирник НТВ у Маргулиса». Группа «Секрет» (16+)

ЗВЕЗДА

06.00 «Ледяное небо» (12+)
08.00, 09.15, 10.05, 12.35, 13.15, 14.05 Т/с «НАСТОЯЩИЕ» (16+)
09.00, 13.00, 18.00, 23.00 Новости дня
10.00, 14.00 Военные новости
17.05 «Остров Гогланд. Война на холодных островах»
18.50 «Штурм неба. Выжить в пятом океане»
19.40 «Последний день». Александр Демьяненко (12+)
20.30 «Теория заговора». «Мусорные войны. Игра на разложение» (12+)
21.20 «Теория заговора». «Оружие будущего» (12+)
22.10 «Теория заговора». «Шпионаж под видом религии» (12+)
23.15 «Звезда на «Звезде» Р.Хаит (6+)
00.00 Х/ф «РАЛЛИ» (12+)

МИР

09.30, 12.35, 16.30, 01.30 «Сделано в СССР» (12+)
09.55, 14.55, 23.55, 02.55, 05.55 «Культурная среда» (12+)
10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 13.00, 14.00, 14.30, 15.00, 16.00, 22.00, 23.00, 00.00, 00.30, 01.00, 02.00, 02.30, 03.00, 03.30, 04.00, 04.30, 05.00, 05.30 Новости
10.15 «Азия в курсе»(12+)
10.45 «Дословно» (12+)
10.55, 13.55, 16.55, 22.55, 01.55, 04.55 «Хитро» (12+)
11.15 Мир. Doc (12+)
11.45 Мир. Doc (12+)
11.55, 15.55, 00.55, 03.55 «Умно» (12+)
12.20 «Модно» (16+)
13.30, 22.30 «Секретные материалы» (16+)
14.15, 15.20, 22.15, 23.15, 00.15, 00.45, 01.15, 05.15 Мир. Главное (12+)
14.45 «Дословно» (12+)
15.30, 23.30 «Достояние республик» (12+)
19.00 «НОВОСТИ (16+)
02.15 «Азия в курсе»(12+)
03.15 «Модно» (16+)
03.45 «Наше кино. История большой любви» (12+)
03.45 «Наше кино. История большой любви» (12+)

РОССИЯ К

06.30, 07.00, 07.30, 08.00, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40 Новости культуры
06.35 Легенды мирового кино. Грейс Келли
07.05 «Пешком...» Москва чайная
07.35, 20.05 «Правила жизни»
08.05 Т/с «ЛУННЫЙ КАМЕНЬ»
08.55 «Почему собаки не ходят в музей? или Позитивный взгляд на современное искусство»
09.40 Главная роль
10.15, 17.45 «Наблюдатель»
11.15 Х/ф «ТРИ ДНЯ В МОСКВЕ»
13.25 Цвет времени. Ван Дейк
13.35 «Святыни Набатейского царства»
14.30 «Бродвей. История в лицах и танцах»
15.10 Академический оркестр русских народных инструментов Гостелерадио СССР и Евгений Нестеренко
15.55 «Пешком...» Москва рождественская
16.25 «Ближний круг Сергея Соловьева»
18.40 «Картины жизни Игоря Грабаря»
19.45 Главная роль
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Ступени цивилизации
21.35 Абсолютный слух
22.20 Т/с «ЛУННЫЙ КАМЕНЬ»
23.10 «Двадцатый век. Потеря невинности». «Тело» (16+)
23.55 «Сергей Шукшин. История одного коллекционера»
00.50 Х/ф «ТРИ ДНЯ В МОСКВЕ»

МАТЧ!

06.30 «Великие футболисты» (12+)
07.00, 08.55, 11.40, 15.00, 19.00, 21.55 Новости
07.05, 11.45, 15.40, 18.00, 19.05, 23.00 Все на Матч!
09.00 «Дакар-2018» (12+)
09.30 Х/ф «ПОБЕГ К ПОБЕДЕ» (16+)
12.10 Смешанные единоборства (16+)
14.50 «Дакар-2018» (12+)
15.10 «Биатлон» (12+)
16.10 Биатлон. Кубок мира. Индивидуальная гонка. Мужчины
18.30 «Вершина с видом на Корею» (12+)
19.55 Волейбол. Лига чемпионов. Женщины. «Хемик» (Польша) - «Динамо-Казань» (Россия)
22.00 Смешанные единоборства (16+)
23.45 Баскетбол. Евролига. Женщины. «Фенербахче» (Турция) - УГМК (Россия) (0+)
01.40 Волейбол. Чемпионат России. Мужчины. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Газпром-Югра» (Сургут) (0+)
03.30 Волейбол. Чемпионат России. Мужчины. «Динамо» (Москва) - «Белогорье» (Белгород) (0+)

Махуэку, щIышылэм и 11

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.15 «Контрольная закупка»
09.50 «Жить здорово!» (12+)
10.55 «Модный приговор»
12.15, 17.00, 01.45 «Время покажет» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.00, 02.45, 03.05 «Мужское / Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.45 «На самом деле» (16+)
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
21.35 Т/с «САЛЬСА» (16+)
23.40 Ночные новости
23.55 Х/ф «ШЕРЛОК ХОЛМС. ЗНАК ТРЕХ» (16+)
03.40 «Модный приговор»

РОССИЯ 1

05.00 «Утро России»
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
09.15 «Утро России»
09.55 «О самом главном». Ток-шоу (12+)
11.40, 14.40, 17.40, 20.45 Вести. Местное время
12.00 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
13.00 «60 минут» (12+)
15.00 Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (12+)
18.00 «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
19.00 «60 минут» (12+)
21.00 Т/с «ДВÊ ЖИЗНИ» (12+)
00.40 Т/с «ЛЮБОВЬ - НЕ КАРТОШКА» (12+)

КТВ

05.00, 06.05 Т/с «СУПРУГИ» (16+)
06.00, 07.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
07.05, 08.05, 10.25 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.20 Т/с «ПОДОЗРЕВАЮТСЯ ВСЕ» (16+)
12.00, 14.00, 16.25 Т/с «АДВОКАТ» (16+)
13.25 Обзор. Чрезвычайное происшествие
16.25-17.25 ПРОГРАММА НОТР «НАЛЬЧИК». «МОЛОДЕЖНЫЙ ПРОСПЕКТ-1». «Земля и хлеб – ориентиры жизни». Юбилейный вечер Радия Жирукова (12+)
17.25, 19.30 Т/с «ПЕС» (16+)
23.25 Х/ф «БОЙ С ТЕНЬЮ-3. ПОСЛЕДНИЙ РАУНД» (16+)

ЗВЕЗДА

06.00 «Фронтовой истребитель МиГ-29. Взлет в будущее»
08.00, 09.15, 10.05, 12.10, 13.15, 14.05 Т/с «ВЕНДЕТТА ПО-РУССКИ» (16+)
09.00, 13.00, 18.00, 23.00 Новости дня
10.00, 14.00 Военные новости
16.25 Х/ф «СКВОЗЬ ОГОНЬ» (12+)
18.50 «Ангелы-хранители Ограниченного контингента» (6+)
19.40 «Легенды кино». Наталья Гундарева (6+)
20.30 «Теория заговора». «Руководители США. Кто составляет ШТАТное расписание» (12+)
21.20 «Теория заговора». «Грязные сливы» (12+)
22.05 «Теория заговора». «Продовольственные войны» (12+)
23.15 «Звезда на «Звезде» с Александром Стриженовым. Ангелина Вовк (6+)
23.55 Х/ф «ЗАСТАВА В ГОРАХ» (12+)

МИР

09.30, 13.30, 01.30 «Еще дешевле» (12+)
09.55, 13.55, 16.55, 22.55, 01.55, 04.55 «Умно» (12+)
10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 13.00, 14.00, 14.30, 15.00, 16.00, 22.00, 23.00, 00.00, 00.30, 01.00, 02.00, 02.30, 03.00, 03.30, 04.00, 04.30, 05.00, 05.30 Новости
10.15 Специальный репортаж(12+)
10.45, 14.45, 02.15 «Вместе выгодно» (12+)
10.55, 14.55, 23.55, 02.55, 05.55 «Культурная среда» (12+)
11.15 «Культличности» (12+)
11.45 «Дословно» (12+)
11.55, 15.55, 00.55, 03.55 «Хитро» (12+)
12.20 Специальный репортаж(12+)
12.35, 15.30, 23.30 «Секретные материалы» (16+)
14.15, 15.20, 22.15, 23.15, 00.15, 00.45, 01.15, 05.15 Мир. Главное (12+)
16.30 «Наше кино. История большой любви» (12+)
19.00 «НОВОСТИ» (16+)
22.30 «Наше кино. История большой любви» (12+)
02.45 Специальный репортаж(12+)

РОССИЯ К

06.30, 07.00, 07.30, 08.00, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40 Новости культуры
06.35 Легенды мирового кино. Георгий Юматов
07.05 «Пешком...» Москва Саввы Мамонтова
07.35, 20.05 «Правила жизни»
08.05, 22.20 Т/с «ЛУННЫЙ КАМЕНЬ»
08.50 «Сергей Шукшин. История одного коллекционера»
09.40 Главная роль
10.15, 17.45 «Наблюдатель»
11.15, 00.40 Х/ф «СТАРЫЙ НОВЫЙ ГОД»
13.35 «Святыни Древнего Египта»
14.30 «Бродвей. История в лицах и танцах»
15.10 Владимир Крайнев и Евгений Нестеренко. Романсы С.Рахманинова, М.Глинки, М.Мусоргского, А. Даргомыжского
15.45 «Жюль Верн»
15.55 Пряничный домик. «Резная икона»
16.25 Линия жизни. Игорь Скляр
17.15 «Властелины кольца. История создания синхрофазотрона»
18.45 «Николай Дмитриев. Как рождается гений»
19.45 Главная роль
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Ступени цивилизации
21.35 Литературное могилки, или Человек, заслуживший хорошие похороны»
23.10 «Двадцатый век. Потеря невинности». «Цензура» (16+)

МАТЧ!

06.30 «Заклятые соперники» (12+)
07.00, 08.55, 12.00, 13.35, 15.15, 18.50, 21.55 Новости
07.05, 12.10, 15.25, 18.00, 00.40 Все на Матч!
09.00 «Дакар-2018» (12+)
09.30 «Биатлон» (12+)
10.00 Биатлон. Кубок мира. Индивидуальная гонка. Женщины
12.50 Лучшие моменты года в боксе и ММА (16+)
13.45 «Дакар-2018» (12+)
13.55 Бокс. Сделано в России. Только нокауты (16+)
16.10 Биатлон. Кубок мира. Индивидуальная гонка. Женщины
18.30 «Десятка!» (16+)
18.55 Континентальный вечер
19.25 Хоккей. КХЛ. СКА - «Локомотив»
22.00 «Утомленные славой» (16+)
22.30 «Высшая лига» (12+)
22.40 Баскетбол. Евролига. Мужчины. «Милан» - ЦСКА (Россия)
01.10 Гандбол. Чемпионат мира-2019. Мужчины. Отборочный турнир. Словакия - Россия (0+)

1 КъБР ★ «Мир» канал

Бэрэжьей, щIышылэм и 10

6.00 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
6.15 «Уи пщыдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» (12+)
6.30 «ПэщIэдзэ». ГъукIэ Iэщ Iагъэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
7.10 «Адыгэхэр щIыуэпсым эряхуэцIыту цытар». ЕплIанэ Iыхьэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
7.40 «ХьэщыщIэхэр» (16+)
8.00 «Уи пщыдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» (12+)
8.10 «Си гукъэкIыжхэр». КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист Арэхэт Хьэсанбий (адыгэбзэкIэ)
8.35 «Зэманымрэ щIыхумрэ». ТхакIэ, драматург Кулиев Хьэсей (12+)
9.10 «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
17.00 Мультфильм (6+)
17.20 «Гупсыс» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 Драматическэ артистхэр зыхэт концерт (12+)
18.15 «49-нэ каналым и пощI» (16+)
19.30 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
19.50 «Футбол-07» (12+)
20.05 «Чамхана». ГушыIэ нэтын. ЕтIуанэ Iыхьэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
20.45 «Дамыгъэтедзэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
21.30 «Зи чэзу псальэмакъ» (16+)
21.40 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)

Махуэку, щIышылэм и 11

6.00 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
6.15 «Уи пщыдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» (12+)
6.30 «Футбол-07» (12+)
6.45 «Дамыгъэтедзэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.30 «Зи чэзу псальэмакъ» (16+)
7.40 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
8.00 «Уи пщыдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» (12+)
8.10 «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
8.50 «Гупсыс» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.15 «ГуэрэнэтхэтIэхэр» (12+)
17.00 «ГуэлI макъамэхэр». Лириз концерт (адыгэбзэкIэ) (12+)
17.35 «Ууэз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 «02» кIуэлыкъуЩIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
18.15 «49-нэ каналым и пощI» (16+)
19.30 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
19.45 Дыкъэзыухъурейхъ дунейр хъумэным теухуауэ (12+)
20.05 «УэрэджэIакIуэ». Композитор Этчеев Музафар и ныбжьыр илъэс 55-рэ щрикъум ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
20.45 «Жьыщхъэ махуэ». ТхьэгъэзитI Хь. (адыгэбзэкIэ) (12+)
21.15 «Зауэм и джэрпэджэж» (адыгэбзэкIэ) (16+)
21.40 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)

Мэрем, щIышылэм и 12

6.00 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
6.15 «Уи пщыдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» (12+)
6.30 «Ууэз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
7.00 «УэрэджэIакIуэ». Композитор Этчеев Музафар и ныбжьыр илъэс 55-рэ щрикъум ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
7.40 «ЩыIэныгъэ» (16+)
8.10 «02» кIуэлыкъуЩIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
8.20 «Зауэм и джэрпэджэж» (адыгэбзэкIэ) (16+)
8.45 «Жьыщхъэ махуэ». ТхьэгъэзитI Хь. (адыгэбзэкIэ) (12+)
17.00 «Спортым и лъагапIэхэм ухуэзыщIэ» (12+)
17.30 «Таурыхъым фегъэзэжащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
17.40 «Уае Дадэмэз Уае Гуащэмэз я зы махуэ» (12+)
18.00 «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
18.15 «49-нэ каналым и пощI» (16+)
19.30 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
19.50 «ИлъэсыщIэмкIэ дыныжьхуэхъу!» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
20.25 «ИлъэсыщIэ ІэшырыI» (адыгэбзэкIэ) (12+)
21.20 «Ракурс». ТхьадэщIэныгъэхэм я кандидат Мэлбахуэ Къэрэлий и тхылъхэр утыку кърахъэ» (12+)
21.40 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)

ШэбэТ, щIышылэм и 13

6.00 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
6.20 «Уае Дадэмэз Уае Гуащэмэз я зы махуэ» (12+)
6.40 «ИлъэсыщIэмкIэ дыныжьхуэхъу!» (12+)
7.40 «ХьэбарыщIэхэр» (16+)
7.55 «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
8.10 «ИлъэсыщIэмкIэ дыныжьхуэхъу!» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
8.45 «ИлъэсыщIэмкIэ дыныжьхуэхъу!» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.30 «ТетыщIэхэзэр къыщIыхъуэжщыр - КъБР-м и ТВ-м». МафIэ щхьэун

ЛъэпкъылI щэджащэ Къардэнгъущ Зырамыку 2018

ЛІэщІыгъуэм и щІыху

Адыгэм ди гъащІэм зэхъуэкІынигъэшхуэхэр ящыІэ, ахъщэ гъэнэщхьэ унэм щІэкІри унэ зэтетхэм Іэпхъуэхэщ, фэтыджэн уэздыгъэр электрокъарукІэ яхъуэжащ, пхъэгъэжьэ жаІэжьрыкъым - газкІэ мэпщафІэ, дамащхьэкІэ псы къэхьыжьрыхьым, выгу-шыгу зезыхуэу щытуэкІэ «Мерседес»-м итІысхьащ. Телефон, телевизор къызэрыгуэкІхэр зэрамыпэсыжу, жып телефонымрэ спутник телевиденэмрэ зрапщыт, Іэпэ щотыжьыр ягъэтІылъауэ, компьютер лъэщхэм бгъэдэсщ. Ауэ Іуэхурахъэ, дызыхуэмей гуэрхэри къызэдахь, адыгэ хьэл-щэныр ягъэужьых, ди анэдэлъхубзэр къыгфІызэІащІэ.

ДИ ЖАГЪУЭ-ди гуапэми, адыгэ Іэнэм уэрэдыжьрэ хъыбарыжьу щызэпадзыжьыр мащІэ дыдэщ. Нобэ къытщІэхъуэ ди щІэблэм я дежкІэ телевизор экраным къилъадэ персонажу «Черепашки-ниндзя»-хэр, «Человек-паук», «Бэтмэн» сымэ нэхъ нэІуригъэІуэ, нарт Сосрыкъуэ, Бэдзинокъуэ сымэ нэхъ-рэ. Пэжщ, а Іуэхум ди мызакъуэу, лъэпкъыншхуэхэри егъэгъэзэ, зэрызахъумэжьын Іэмалхэр къалъыхъуэ. Дэрэ, лъэпкъыу дыкъызэтенэну дыхуеймэ, дунейпсо цивилизацэм дызэрыдгъэгъуэгурыкІэн Іэмалрэ хэкІыпІэрэ къэдгъуэтын хуейщ.

Адыгэм ди Іуэрыуатэр зэхуэхьэсыжьын, джын, ар щІыхубэм я пащхьэм екІуу илъхьэжьын я лъэныкъэкІэ, XX лІэщІыгъуэм Зырамыку нэхърэ нэхъыбэ зылэжьа гъуэтыгъуейщ. XIX лІэщІыгъуэм апхуэдэу диІащ Нэгумэ Шорэ, Хьэтlохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ. Къардэнгъущ Зырамыкуи, абыхэм хуэдэу, и гъащІэр зытеухуауэ щытыр лъэпкъ тхыдэр, Іуэрыуатэр хъумэнырщ. Тхьэм жимыІэкІэ, ауэ, итІани, шынагъуэ щыІэщ дызыхуэкІуэ лІэщІыгъуэм Зырамыку хуэдэу ІуэрыуатэкІэ Іэзэ лъэпкъым къыщІэмыхъуэжьынкІэ. Псалъэм къыдэкІуэу жьгІэнщи, сабийр къэгъэнауэ, егъэджакІуэ дапщэ бгъуэтыну «уэкъуэр» зищІысыр ящІэу, е «Сунышжь гущэм и тобылыгъур пщы дадэм и зэпэбашт», е «Пылыжьым и пкъыр зи ыбыдакъ» жыхуиІэ псалъэхэр тэмэму зэпхърихыу къыбгуригъэІуэсфыну? АтІэ ахэр къыбгурымыІуэмэ, бэзм и ІэфІыр умыщІэу аращи, абы щыгъуэм уи адыгэнрэ нэхъ кІэщІ мэхъу.

Зырамыку и щІэр зэхэзэмыыха адыгэ ІуэтыгъуэафІэкъым, тхылъкІэ, уэрэдкІэ ирехъу, псоми ялъэІесащ. Хэкум къыхуэпабгъэу хэхэс хъуауэ хамэ щІыналъэхэм щыпсэу адыгэхэр нарт пшыналъэ, адыгэ уэрэди, адыгэ хъыбарыжьи, адыгэ таурыхъэ хуабжьу хуэныкъуэт. Сыту жыпІэмэ, зэпыщІэныгъэ щыІэтэкъым, къэралым щІыхухэр икъуэзырт. Мис а лъэхъэнэм «и чэзу дыдэу» Зырамыку абыхэм ялъэІэсащ. И макъ дахэмкІэ къихьэхуащ.

КъардэнгъущІыр адыгэ псоми фІыуэ тщІыху къудейм къыщІымынэу, фІыуэ доІьагъу. Апхуэдизу ар гупсэгъу тхуэзыщІым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дэ фІыуэ тпъагъу ди лъэпкъ Іуэрыуатэр Зырамыку фІыуэ зэрищІэрщ. Ар ноби гукІэ къеджэфынущ «Нарт» эпосым и Іыхьэ нэхъыбэфІхэу Сосрыкъуэ, Бэдзинокъуэ, Ашэмзэ, Мэлэчыпхъу сымэ я пшыналъэхэм. Жьыми щІэми уэрэдищэ бжьыгъэ, хъыбархэри и гъусэжу, къыбжиІэфынущ. «КъэшІэ, Зырамыку, умысымаджэ. Щэфэтым фылажьэу сщІамэ, сынэкІуэнут, адрей махуэхэм хьэ епхам сыхуэдэщ. Узыншагъэ дахэ Алыхьым къуит, уэрэдыжьхэм я тхьэу ди Зырамыку», - къетх Къубэ-Табэ щыщ Къэзан Толэ. Зырамыку и ныбжьэгъу, тхакІуэ, щІэныгъэлI цІэрыІуэ Нало Заур и фІэщІу, жиІэр фІэмащІэу, Къардэнгъущым и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэпхърыхауэ щІытетхыхьари, абы и теплъэр скульптор Тхьэкlумашэ Михаил мывэм къыщІыхуІущІыкІыфари, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Црым Руслан, КІыщ Мухьэдин сымэ абы и суратэ щІатхари, Жылау Нурбий, Іутlыж Борис, Щоджэн Леонид сымэ хъуэхъу усэкІэ зыкъыщІыхуагъэзари адыгэлI щэджащэм лъэпкъым хуиІэжьар арщ.

Быдэу си фІэщ мэхъу дэ ди яужь кІиувэну щІэныгъэлIхэмрэ ткакІуэхэмрэ дапэкІи Зырамыку и гъащІэмрэ гуащІэмрэ мызэ-мытІэу зэрытетхыхьынщ.

Зырамыку къызэралъху махуэрэ и щхьэм кІрикІуар зэрыщыту тхыдэщ, драмэщ, тхьэм къыхуалъхуа дэтхэнэ зы лІы Іущми хуэдэу. Абы и щыхьэтщ тхыгъэ хьэлэмэт хъуа Зырамыку и «Гукъинэжхэр». Ди адыгэ щэнхабзэм и тхыдэм увыпІэ хэха щиубыдын хьэзыру къалъхуа Зырамыку, ар езым пасэу къыгурыІуэжа хуэдэ, сакъыу, зыкІэлъыплъыжу, зыхущІегъуэжьын лъэпкъ имыльжьу мэпсэу, зыхалъхуа зэманыр «цІантхъуэрыгъуэу» екІуэкІа пэтми. Илэжьри зыхуилэжьри ищІэжу гъащІэр ирехьжкІ. Ар насыпышхуэхъэ?!

Зырамыку щалъхуа жылэр пщышхуэ жылэщ, Жанхъуэт и хуэ Кушыку и къуажэ ЖанхъуэтхьэблэкІэ зэрджэу щытарщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, абы тхыдэм, хабзэм, лІыгъэм пщІэ лей щыхуащІу къогъуэгурыкІуэ. Арагъэнщ лъэпкъыр зэрыгушхуэ лІыфІ куэд Акъсырэ Залымхъан, Сонэ Башир, Болэ Мурат, Яхэгуауэ Михаил, Мэсачэ Пётр, Мысостышхуэ Пщыхьэбий, Црым Руслан, Жанэ Мурат, Мэкъуауэ Мурат сымэ хуэдэхэр - Псыгъэнсум къыщІыдэкІыр.

СОКЪУР Валерэ,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Зырамыку Мейкъуапэ щохьэщІэ. Ар бгъэдэсщ СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, тхакІуэ, щІэныгъэлI цІэрыІуэ КІэрашэ Тембот. *1956 гъэ*

Дадэ

Тхуэпсэу куэдрэ уэ узыншэу, Дадэ,
Уи чэнджэщхэм дащІыр дэ нэхъ хахуэ,
Уэ хъуэхъу дахэу къыджепІахэм хуэдэ
Мэхъу ди гъащІэр, ухъу уэ жьыщхьэ махуэ.
Дотэнэхуу щІэблэм укъытхэтщи,
Ди насыпщ уэ дяпэ унтыхункІэ,
ІуэхуфІ куэд уи лъэпкъым хуэблэжьащи,
И нэщІэбжьэ Тхьэм уимыгъэлъагъукІэ.
Ухэхуащ уэ куэдрэ Іуэху мыщхьэпэ,
Псалъэ дыджкІэ унгури къаУащ,
Умыгъуэту птелъ уІэгъэр пхапІэ,
Уи мурадхэм уи Іэр тебгъэхуащ.
Лъэпкъым и насыпыр пэпщІу уи псэм,
Уопсэу - гуфІэм уэри удогуфІэ,
Нэгу зэлъам къежэх уи гуфІэнэпсым
Дэри дещІ нэхъ къабзэ, насыпыфІэ.
ЩапхъэУ, лІыгъэу уэ дыбгъэлъэгъуахэр
Къыхэнэнщ налкъуту ди лъэпкъ тхыдэм,
Докъуэ гуапэу нобэ уи Іэ пхъашэр,
Худощ1 щхьэщэ жьакІэ уэсу тхъуам.
Уэ пхуэдэлІщ къэралыр зэрыгушхуэр,
Лъэпкъыр зэчэнджэщыр щІэщхъу къэхъуам,
Гъуэгугъэлъагъуэу диІэщ уи Іуэхуфіхэр,
ЖъыпІэм дерс къыхехыр щхьэрыуам.
Тхуэпсэу куэдрэ уэ узыншэу, Дадэ,
Уи чэнджэщхэм дащІыр дэ нэхъ хахуэ,
Уэ хъуэхъу дахэу къыджепІахэм хуэдэ
Мэхъу ди гъащІэр, ухъу уэ жьыщхьэ махуэ.

МЫСОСТЫШХУЭ Пщыэзбий. 2003 гъэ

Лейуэ зы псалъэ хэттэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэ артист, гъэдджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къардэнгъущ Зырамыку, щІыхубэ Іуэрыуатэр зэхуэхьэсыныжьмкІэ, адыгэ уэрэдыжьхэр екІуу гъэІуныжьмкІэ зыхуэдэ щымыІэ лэжьакІуэ жьыджэрым, куэд дыдэ щызэфІигъэкІащ лъэпкъ щэнхабзэр джын, ар хъумэн Іэнатlэм. Ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псор зэрыгушхуэу щыта адыгэлI щэджащэу дунейм тетащ ар.

ЗЫРАМЫКУ хужамыІа псалъэ къэзгъэтыну си гугъэу аракъым мы тхыгъэ кІэщІыр стхыну мурад щІэсщІар. Сызыхуейр сэ, журналистым, Къардэнгъущым и Іэжу бгъэдыхьэкІэу, и хьэлщэну, и дуней тетыкІэу гу зылъыстамкІэ сывдэгуэшэныр щ.

Сэ сыщылажьэ Іэнатlэм хуэдэ пэрыт дэтхэнэми эрищІэщи, тхакІуэ псори жьэнахуэкъым, псэпсэф псори тхэным хуэлэкІуэлъакІуэкъым. А тІыри зэгъэбы-дылІауэ зыхэлъ цІыхухэр мащІэ дыдэщ, а закъуэтІакъуэм ящыщт Къардэнгъущ Зырамыку. Итхыр зэрыхъум и Іэдакъэщ1экІэхэр зылъэгъуа псори щыгъуазэщ, - лжьыгъэ Іуэхукіэ хуеблагъэу ар къэзыгъэпсэлъа дэ и жьІэм мыгурыІуэгъуэ гуэр дыщыхуэзауэ щІэркъым.

И тхыгъэу гъэзетым къытехуахэм къыпэкІуа ахъшэ мащІэр хуэтхьыжу дыщыкІуэ щыІэт Зырамыку и деж. Абы къыдэкІуэу езым къыдэлэжьахэу, и ныбжьэгъухэу, щэнхабзэм, Іуэзджэм и лэжьакІуэу зи махуэр е зи фэеплъыр ягъэлъапІэхэм я гугъу едгъэщІыну дельэІурти, зэи дигъэщІэхъуртэкъым. Къупщхьэуз зыпкърыт лІыжьым и щытыкІэмрэ гукъыдэжьымрэ елъытауэ тхэми, «диктофоным трестатхэ, хъыджэбз» жиІа иуэж, дыкъышащІухуар маХуэ зырызу къызыхуэбжьыжьну нэхъыжьым баштекъуэзкІэ къалэмыр къебгъэщтэнт?! Сэ сыкъапщтэмэ, апхуэдэу жиІэр диктофоным зэрытрезгъэтхар нэхъыбэщ.

Зытх куэдым нэхърэ нэхъ гугъэззэгъэгъуэт Зырамыку и псалъэр къытептхыкІыжыну: лейуэ зы псалъэ хэттэкъым, зэблэгъэувыкІын хуэмейІауэ гъэхуат, зэпсалъэм и лэжьыгъэми, газетым и зэхэлъыкІэ-зэхэгъэувэкІэми фІыуэ зэрыхищІыкІыр ІупщІу.

И адыгэбзэр-щэ?! Жьы хъуа псалъэхэмрэ яІэщІэхужьпэным нэсахэмкІэ къулейуэ кІыззэрытІэпІыкІ и бзэр псыІэрышэм хуэдэу шкІуэрашкІуэрти, псалъэ гугъусыгъуу кІыпщІыхъухэм зыкІи хьэлъэ ящІыртэкъым. ЖьыпІэнуракъэ, уи анэдэлъхубзэм уи щхьэр лъагэу ирипльагъужьнумэ, урипэгэнумэ, Зырамыку и псэлъэкІэр урикъунут.

И уэрэд жьыІакІэмра лэжьыгъэу игъэшамрэ ялъысын хуей гулъытэм и гугъу сщІыхэнкъыми, Зырамыку и бзэр къызыгурыІуэн, и псалъэр зыхъумэфын, пщІэ хуэзыщІыфын куэд ди псэлъкъым Тхьэм зыхьхирэкІ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Зырамыкурэ Жанпагуэрэ «Адыгэ унэ» тыкуэным щохьэщІэ. *2006 гъэ*

Тхьэмадэ Іумахуэ

ЛъытэгъуейщІ Къардэнгъущ Зырамыку и гуащІэдэкІыр - ар апхуэдизкІэ инщ, зэмылІэужьыгъуэщи. Зырамыку и къалэмыпэм къыщІэкІауэ дунейм къытехьащ пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэмрэ нэгъуэщІ Іуэрыуатэхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ купщІафІэ куэд.

АБЫХЭМ ящыщщ Андемыркъан и хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъыр (зэхуэзыхьэсыжари зытхыжари езы Зырамыкущ). Къару ин дыдэ ирихьэлІащ Зырамыку пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыныжьмкІэ - ахэр ди деж къэсамэ, псом япэрауэ, зи фІыщІэр Къардэнгъущ Зырамыкущ, ар мыхъуамэ, нобэрей щІэблэр щыгъуэзэнутэкъым ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуа пасэрей уэрэдыжьхэм, абыхэм я макъамэхэри щыхуэхэм ящыгъупщэжагъэнт. Дунейм тетыху, Зырамыку зыщІэкъуари зыхуэлэжьари аращ - адыгэ Іуэрыуатэм и фІыпІэр хэІуцІыну щыныщ. Ар къехъулІащ Зырамыку - нобэрей щІэблэм хуихъумащ ди Іуэрыуатэм и хъугъуэфІыгъуэхэр. Аркъудейри пхурикъунущ Зырамыку и гуащІэдэкІыр зэрыин дыдэр къыбгурыІуэн щхьэкІэ. Куэдым къызэранэкІыфыркъым апхуэдэ гуащІэдэкІ, ар зыхуэзфІэкІыр ди Іуэрыуатэм куууэ щыгъуазэ, ар гурэ псэкІэ зыхэзыщІэ лэжьакІуэ Іумахуэрщ. Апхуэдэ лэжьакІуэт Зырамыку, аращ абы и Іэдакъэщ1экІэхэм я мыхьэнэр щІэлъытэгъуейр.

Адыгэ Іуэрыуатэр, псалъэм папщІэ, уэрэдыжьхэмрэ псалъэжьхэмрэ, зэхуэхьэсыным и закъуэкъым Зырамыку зи ужь итар: зи гупсысэр жан, зи гур мызагъэ щІэныгъэлI цІэрыІуэт ар - абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ ди Іуэрыуатэм и купщІэмрэ и лъэпкъ фащэхэмрэ щихутэ тхыгъэхэлэмэт зыбжанэ. Абы и лъэныкъуэкІэ гъэщІэгъуэнщ Андемыркъан къыдэгъуэгурыкІуа хъыбархэр Зырамыку щихутэ тхыгъэр. Зырамыку хуээфІэкІащ лІыхъужь щІэрыІуэр щыпсэуа зэманыр и игъебелджылын - Зырамыку и пэкІэ зыми къехъулІакъым ар.

Щэч зыхэмыльраци, пасэрей адыгэ уэрэдхэм я купщІэмрэ ябкърылъ гуащІэмрэ сэтей къыщІэныжьмкІэ Зырамыку пэхъун бгъуэтынукъым - абы къыхуигъэщІат ар. Шортэн Аскэрбий къызэриІуэтэжамкІэ, абыр Зырамыкурэ кІахэ адыгэхэм я деж еблэгъауэ, КІэрашэ Тембот Зырамыку кьелъІуауэ щытащ: «Лабдэсхэм я гъыбзэм» дегъэдаІуэ», - жери. Езыми зыхилъхьэ щыІэтэкъым а уэрэдыр - къыхидзащ. Гъыбзэр и кІэм нигъэсыху, КІэрашэ Тембот и нэпсыр зэпыуакъым... Ар хуэзфІэкІыт Зырамыку: уигури уи псэри итхьэкъурт, уэрэд къыхидзэмэ.

ГуащэхужькІэ зэджэ пщащэ щІэрыІуэ исигъащ Беслъэнейм, абы и хъыбар итхьжащ урыс тІасхъэщІэх Торнау Фёдор (лъэпкъкІэ нэмыцэщ, адыгэпхъу щхьэгъусэ ищІауэ щытащ). Гуащэ дахэкІейр зэпаубыдри, зэкъуэшитІ зэщщхьэжащ - Асльэнджэрийрэ Адалджэрийрэ (тІури къэбэрдеипщт, Кавказ зауэм и зэманым КІахэм Іэпхъуауэ абы щызэуэрт). Гуащэхужь и хъыбар теддзауэ щытащ «Адыгэ псалъэм», абы еджа нэужь, Зырамыку къэпсэлъащ: «Асльэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ я уэрэдым фыщыгъуаз?» - жери. Дызэрыщымыгъуаз эр жетІащ, апхуэдэ уэрэд ди деж къэсауи тщІэхъэрэтэкъым. Уэрэдыр Зырамыку ихъумауэ къыщІэкІащ - ари теддзащ газетым.

Дызэрыщыгъуаз щІэщ, пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм хъыбар хъэлэмэтхэри кьадогъуэгурыкІуэ. Хъыбархэм кьалъатэ уэрэдыр къежьэнкІэ щІэхуар, ар зытелъкІар. Апхуэдэ хъыбар зыщІыгъу зы уэрэди ущрихьлІэнукъым Зырамыку деж. Уэрэдыр къыхидзэрэ и кІэм нигъэсамэ, абы щыІэту хъыбарри иІуатэрт Зырамыку - фІыуэ щыгъуазэти. Уэрэдымрэ абы къыдэгъуэгурыкІуэ хъыбарымрэ зэи зэкІэщІичьыртэкъым Зырамыку: хъыбарыр щІымыгъумэ, уэрэдыр къыбгурымыІуэнкІэ зэрыхъунур ищІэрт - ар узытелъэхькІ мыхъун хабзэт.

Апхуэдэщ Къардэнгъущ Зырамыку - и уэрэдхэри, и гъащІэ гъэугуанэри, и дуней тетыкІари. Апхуэдэущ Зырамыку ди гум къызэринар - ар ди лъэпкъым зэи щІэгупщэнукъым.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

ГушыІэр Тхьэм и щІасэщ

Сытхъэжу къэсшакъым

Партым зыгуэр хагъэхьэрт.
И биографиер яжриІащ, къызэреупщІхэм жэуап яритащ. Ауэ зыгуэр къэпсалъэри жиІащ:
- Фыз куэд къызэрыпшам и хъыбарыр кьыджеІэт.
- Сытхъэжу къэсша уи гугъэ, сыгъуэгурэ къэзмышам, Тхьэр согъэпці, хъун къахэмыкІыурэ! - жиІащ кандидатым.

Пощтымрэ фошыгъумрэ

Пасэм щыгъуэ щІалэхэр хъыджэбзапльэ кІуэуэ щытащ.
Апхуэдэ хъыджэбзапльэ кІуа щІалэжьыр, зэпльыну хуея хъыджэбзым фІэкІа дэмысу ирихьэлІащ.
КъызэыхуэкІуа хъыджэбзри бзаджэжьэт: - фошыгъу хэмылъу, шеибжьэ къыхутригъэувэри, къыщхьэщыувэжащ.
ЩІалэжьыр еІубри, - шейм фошыгъу хэлътэкъым.
«Зу, зу, зу» жригъэІэу шейбжэмышхьмкІэ зэІиІэу щІидзащ.
А зэманым пощтыр зезышэ шыхэм уэзджынэ якІэрыщІауэ щытащ, зэрыпощтыр ящІэн щхьэкІэ.
ЩІалэжьым щимыгъэтыжьхэхэу стэканыр «щигъэпсалъэм», хъыджэбзым жиІащ:
- Пощтыр къэса си гугъэщ.
ЩІалэжьри бзаджэжьэти:
- Фошыгъу къишамэ еупщыт а пощтым, - жиІащ.
Хъыджэбзыр щІэкІри фошыгъу къыхуихьащ.

Ялп джалэм ущІэмынакІэ

ЛІыжьыр уэрамым здрикІуэм, шыщхьэ къупщхьэжь щыльтым игъэльэпэрапэри, джалащ.
Уэршэру уэрамым дэс щІалэ гупым ар щалъагъум, зэщІэдыхьэшхащ ину.
- Фымыдыхьэшх, цІапІэ къом, си ныбжь фынэмсэ, сэ схуэдэ фыхъунущ, абы фысфІэкІыжмэ, мыбы хуэдэ фыхъунущ! - жиІэри, щхьэ къупщхьэр яригъэльэгъури, лІыжьыр и гъуэгу теувэжащ.

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкущ.

Тэрч Іуфэм. МафІэдз Сэрэбий и гъусэщ. *1981 гъэ*

Жылау Нурбий и къуажэ музейм. ЗэІущІэр Пщынокъуэ БетІал ирегъэкІуэкІ. *1973 гъэ*

Къардэнгъущ Зырамыку хуэдэ лІы Іущым, лэжьакІуэ емызэшыжьым, щІэныгъэлI щыпкъэм псалъэ гуапэ хуэхьпІэну къилэжьыртэкъэ?! ИкІи хужаІащ, щэнхабзэм, гъуэзджэм я лэжьакІуэхэми, тхакІуэ-усакІуэ гъуэзэджэхэми, щІэныгъэлI цІэрыІуэхэми, къызэрыгуэкІ цІыхуу абы и гуащІэм дихьэххэми. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, куэд мэхъу ахэр, къэбгъэсэбэп мыхъуну щІагъуэ яхэмыту. Ауэ, газет напэкІуэцІхэри кІэншэ-щІэнэшэкъым, аращ кІэщІу, Іупщ1у, илъэс зэхуэмыдэхэм къыхуажаІа, къыхуагъэхьа хъуэхъу тхылъу щыІэхэм зыбжанэ къыхэтхыну мурад щІэтщІар. Фи пащхьэ идолъхъэ ахэр.

ЛІищ я пщІэ къылъос

щытар аракъэ? Жэбагъы жиІам тепщІыхьмэ, Къардэнгъущым лІищ я пщІэ къыпІьос: ди литературэм зыпІи и ювыпІэ щеубыд, илэжьам мыхъэнэуэ иІэр къэпльытэмэ; уэрэд гъэІунымкІи щІэрыІуэ куэдым яхузэфІэмыгъэкІа зэфІиГъэкІащ; щІэныгъэ Іэнатlэу зыпэрытми лІы зэхъуэпсэн щилэжьащ.

Зырамыку махуэ къэс уэрамым ущыхуэзэу сэлам епх щыхъуКІэ, уэ пхуэдэ къызэрыгуэкІыу къыпщохъу, укІэлъыплъыжрэ уегупсысжьыпэмэ, щэджащэхэм зэращыщыр уолъагъу.

Мыд Хьэжмусэ: - Пьесэ куэд итхакъым Къардэнгъущым. Ауэ и къалэмыпэм къыщІэкІар мащІэми я пщІэр, я щІыхьыр инщ. «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэр» фІэкІа нэгъуэщІ имытхами, абы и цІэр фІыкІэ ди лъэпкъ драматургием, ди театр щэнхабзэм я тхыдэм къыхэнэнт.

Къэрмокъуэ Мухьэмэд: - ГъащІэ борэнми щхьэ закъуэ гуаузми Зырамыку япигъэзувыфащ жыш махуи, щхьэхи псэхуи имыІэу адыгэ хэкум, и адыгэ лъэпкъым, и адыгэ культурэм хуэлэжьэныр. Арауэ къызолъытэ и лъэр быдэ, и къарур мыхъжьы зыщІри.

Даур Аслъэн: - Щыпсалъэ къудейкІи Зырамыку и макъым музыкэ хуэмэбжьымэхэр хэлъщ... Адыгэ уэрэдыжьхэм я хъыбархэр къыщыжьиІэкІэ, абы и макъым хэлъ художественностаІым узыІэпешэ, жиІэм елъытауэ и макъым хэлъ обертонхэр зэрехъэжькІ, зэм зэпеш, зэми нэхъ еІэт, итІанэ кэрешэхьжри, псалъэхэр нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ къызыкІэлъеутІыпщ... ЖьыпІэнуракъэ, моуэ уи нэр уфыщІи, кьыпщыхъунущ адыгэ жьэгужьым упэрысрэ пасэрей лІыхъужьхэм я хъыбар уезыгъэдаІуэ джэгуакІуэм убгъэдэсу...

Зырамыку мыхьэнэшхуэ ирет уэрэдым хэт псалъэхэм, зытеухуар къызэрыбгуригъэІуэным хущІокъу, и макъыр щихъуэжкІи псалъэхэр «зэрыдэмыкІуэдыкІыным» пылъщ.

Псом хуэмыдэжу Зырамыку нэхъ жиІэр гъыбзэхэрщ. Куэдым яхужьІэркъым ди гъыбзэжьхэр, зрапщытми, пэлъэщыркъым. Зырамыку къищІащ икІи зыхищІащ гъыбзэм и дахэри и купщІэри. Абы гъыбзэжь щыжиІэкІэ, къыпщохъу ар зытеуухуам и гуауэр езым и гуауэу, уэрэдкІэ къытхуиІуэтэж къудей мыхъуу, гурэ псэкІэ иригумэщІу. Езым и гъыбзэ жьІэкІи иІэжщ Зырамыку: моуэ Іэдэбу, иримыгъэвэзу икІи уимыгъэгузавэу, гукІэ, псэкІэ жеІэ...

Лейуэ зы псалъэ хэттэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэ артист, гъэдджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къардэнгъущ Зырамыку, щІыхубэ Іуэрыуатэр зэхуэхьэсыныжьмкІэ, адыгэ уэрэдыжьхэр екІуу гъэІуныжьмкІэ зыхуэдэ щымыІэ лэжьакІуэ жьыджэрым, куэд дыдэ щызэфІигъэкІащ лъэпкъ щэнхабзэр джын, ар хъумэн Іэнатlэм. Ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псор зэрыгушхуэу щыта адыгэлI щэджащэу дунейм тетащ ар.

ЗЫРАМЫКУ хужамыІа псалъэ къэзгъэтыну си гугъэу аракъым мы тхыгъэ кІэщІыр стхыну мурад щІэсщІар. Сызыхуейр сэ, журналистым, Къардэнгъущым и Іэжу бгъэдыхьэкІэу, и хьэлщэну, и дуней тетыкІэу гу зылъыстамкІэ сывдэгуэшэныр щ.

Сэ сыщылажьэ Іэнатlэм хуэдэ пэрыт дэтхэнэми эрищІэщи, тхакІуэ псори жьэнахуэкъым, псэпсэф псори тхэным хуэлэкІуэлъакІуэкъым. А тІыри зэгъэбы-дылІауэ зыхэлъ цІыхухэр мащІэ дыдэщ, а закъуэтІакъуэм ящыщт Къардэнгъущ Зырамыку. Итхыр зэрыхъум и Іэдакъэщ1экІэхэр зылъэгъуа псори щыгъуазэщ, - лжьыгъэ Іуэхукіэ хуеблагъэу ар къэзыгъэпсэлъа дэ и жьІэм мыгурыІуэгъуэ гуэр дыщыхуэзауэ щІэркъым.

И тхыгъэу гъэзетым къытехуахэм къыпэкІуа ахъшэ мащІэр хуэтхьыжу дыщыкІуэ щыІэт Зырамыку и деж. Абы къыдэкІуэу езым къыдэлэжьахэу, и ныбжьэгъухэу, щэнхабзэм, Іуэзджэм и лэжьакІуэу зи махуэр е зи фэеплъыр ягъэлъапІэхэм я гугъу едгъэщІыну дельэІурти, зэи дигъэщІэхъуртэкъым. Къупщхьэуз зыпкърыт лІыжьым и щытыкІэмрэ гукъыдэжьымрэ елъытауэ тхэми, «диктофоным трестатхэ, хъыджэбз» жиІа иуэж, дыкъышащІухуар маХуэ зырызу къызыхуэбжьыжьну нэхъыжьым баштекъуэзкІэ къалэмыр къебгъэщтэнт?! Сэ сыкъапщтэмэ, апхуэдэу жиІэр диктофоным зэрытрезгъэтхар нэхъыбэщ.

Зытх куэдым нэхърэ нэхъ гугъэззэгъэгъуэт Зырамыку и псалъэр кьытептхыкІыжыну: лейуэ зы псалъэ хэттэкъым, зэблэгъэувыкІын хуэмейІауэ гъэхуат, зэпсалъэм и лэжьыгъэми, газетым и зэхэлъыкІэ-зэхэгъэувэкІэми фІыуэ зэрыхищІыкІыр Іупщ1у.

И адыгэбзэр-щэ?! Жьы хъуа псалъэхэмрэ яІэщІэхужьпэным нэсахэмкІэ къулейуэ кІыззэрытІэпІыкІ и бзэр псыІэрышэм хуэдэу шкІуэрашкІуэрти, псалъэ гугъусыгъуу кІыпщІыхъухэм зыкІи хьэлъэ ящІыртэкъым. ЖьыпІэнуракъэ, уи анэдэлъхубзэм уи щхьэр лъагэу ирипльагъужьнумэ, урипэгэнумэ, Зырамыку и псэлъэкІэр урикъунут.

И уэрэд жьыІакІэмра лэжьыгъэу игъэшамрэ ялъысын хуей гулъытэм и гугъу сщІыхэнкъыми, Зырамыку и бзэр къызыгурыІуэн, и псалъэр зыхъумэфын, пщІэ хуэзыщІыфын куэд ди псэлъкъым Тхьэм зыхьхирэкІ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Гъуаздж

«Бзэрабзэм» хэхэс адыгэхэр егъэгушхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щІыхь зиІэ я артист, пшынауэ, уэрэдус, макъамэхъ Іэзэ Лосэн Тимур и «Бзэрабзэ» гупым, республикэм и артистхэр ящІыгъуу, иджыблагъэ Тыркум концерт зыбжанэ щатащ.

ЛОСЭНЫМ и «Бзэрабзэ» гупым кащІынэмыщІауэ, Тыркум щата концертхэр ягъэдэхащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд, уэрэдэкІакІуэхэу Дыщэкі Артуррэ Бэч Азэмэтрэ, макъамэзр тэмэму Іуныр зэтеэлъхуэ Исаев Роман, Истамбыл щыпсэу Акъей Ихьэхъ сымэ. Іэуэу дахэр къаэрехъулІар псом хуэмыдэу зи фІыщІэр БищІо Замирщ. И ныбжькІэ щІалэмэ, ар республикэм икІа артистхэм пашэ яхуэхъуащ. Зэрежьнуи пыщІа ІэхъуГуэхэм къадэкІуэу, абы къахуэзригъэпэщащ бысым яхуэхъунум, мыпхукІэ закъыщІэзыгъэкъуэнум, концертхэр къызыхуэтыншІэу ирагъэкІуэкІыным, загъэпсэхуным ехьэлІэхэр.

Адыгэр дэнэ щІыпІи зэрыщыадыгэм и нэщэнэу, хэкурысхэр зэрыкІуэм и хъыбарыр зыльэІэса хэхэс адыгэхэм я гум и къабзагъымрэ я псэм и дахагъымрэ къыхуэІуахри, гуапэу ирагъэблагъащ, хьэщІагъэшхуэ кърахьу. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм уэрэдрэ пшынальэкІэ гъэнщІа я пшыхьхэм пэублэ хуэхъуащ Лосэн Тимур и «Джэ макъ» жьхуиІэр. КъыкІэлъыкІуэу зэрыгугну зэдагъэзэщІащ «Истамбылакіуэ» уэрэдыр. Куэдым ягу ирихьащ Бэч Азэмэт тыркубзэкІэ, ДыщэкІ Артур итальяныбзэкІэ жаІа уэрэдхэр. «Бзэрабзэ» гупым щыщхэу пшынауэ Чылар Нэсрэн, уэрэдзкІакІуэхэу Къуэдзокъуэ Исльамрэ Мэрщан МуІедрэ утыку кьрахьащ дзапэ, пІыхьжь, гъьбзэ, джэгуакъафэ уэрэдхэр. Лъэпкъ пшынальэм, пшынэбзэм, хуэзэша хэхэс адыгэхэм пшыхь дахэхэр ягу зэрырихьам и щыхьэту, абы зыкърезыхьэлІахэр ди артистхэм Іэгуауэ инкІэ хьапэджэжащ, пщІэ къыззыхуащІыр кьрагъэльагъуэу зэхэтджэгуэ. Зи фащэкІи зыІыгъыкІэкІи зэкІуэ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я къэрэкІэмрэ псэм хэжабзэ пасэрей пшынальэхэр я лъабжьэу Лосэным иуэззэщІа макъамэхэр щІэщыгъуэ ящы-хьащ.

- Тырку къэралым щыпсэу ди къуэшхэм, ди шыпхъухэм я деж гъэмэзэ дзыхуэхІуэм дыкІуэу дгъэгушхуэну ди мурадащ. Ауэ, ди кІэн къыкІри, мы гъэм ар къыдэхуэлІащ. Анкара, Мараш, Адана, Самсун, Истамбыл къалэшхуэхэм зыкъыщыдгъэзэгуащ. Абыхэм я Іэтащхьэхэри ди пшыхьхэм къытхуеблэгъащ. Псори зэхэпльхьэжмэ, Тырку щынальэм километр минитхум щІигу къыщыдзэхэткІухьащ, - жеІэ Лосэным. - Концертхэр къыдэхуэлІэныкІэ къыддэІэпыкъуэхэр къыхэзгъэщыну сфІэнигъэщ. Ахэр «Кипаш Холдинг», «МадИнвест» (унафащІыр Цей Мадинэщ), «Силшарэ» шхапІэр зей Абазэхэ я унагъэщ, «Нарт-тур» Іуэхущапіэм, «Петек Іэфіыкіэ тыкуэн» (Дурмуш Эрен), «Тамерис» шхапІэм (Едыдж Нихьэи), Дашдемир Селджук, АфІэунэ Дженгиз, Йылдырым Сами, Бешто Зэки, Акъей Ихьэхъ сымэ фІыщІэ лей яхуэфащэщ. КъыщынэмыщІауэ, куэду дахуэарэзыщ Анкара, Адана, Самсун щыІэ Адыгэ Хасэхэм, Шурдым Гюнсел зи пашэ БзыльхъугъэХасэм, Истамбыл псапэ пшыхьэр къыщыззэшІыгъэпэщащ Бэлэрбаш Хасэм, зи гур къабзэ дэтхэнэ ди лъэпкъэгъуми. Гупым фэеплъ тыгъэхэр саугъэт къытхуащІащ.

ЛъэныкъуитІри я щыІэкІэ-псэукІэкІэ зэщІэупщІащ, тхыдэм, лъэпкъым теухуа я гукъэкІыж Іэфіхэмкіэ зэдзэгуэшащ. Хэкурысхэм гукъинэж ящыхъуащ бысымхэм къращІэкІа пшыхь гъэщІэгъуэнхэр, щалэгъуалэм зэхаща, уджкІэ зэхуащІыжа джэгу дахэхэр. Ахэр Іэмальфіт икІи уасэншэт куэд щІауэ зэрыщІыхуэхэр зэрыльагъунымкІэ, ягъэ зэІущІахэр зэрыщІэнымкІэ, ныбжьэгъу зэхуэхъунымкІэ. Нэхъыщхьэращи, Іуэху дахэр къэщхьэпІащ дуней псом тепльэ дахэр зэпыщІыщІэ лъэмыжыр иджыри нэхъ бгъуфІэ хьунымкІэ, ар нэхъри ягъэбыдэнымкІэ.

- Адыгэу зыкъэзыльытэж, «Адыгэ псалъэр» зи унагъуэ ихьэ дэтхэнэ си лъэпкъэгъуми дызытехьа Ильэсыщ1эр гъэ уГурлы фхуэхъуну, фІы куэд къыфхудэкІуэну, хэщІ фимыІэу, хэхъуэр фи куэду етІэнэгъэ пІалъэ узынщэу, гукъыдэжрэ дзрэжэгъуэрэ фыщымышІІэу фынэсыну си гуапэщ! - зыкъыфхуегъаэзэ Лосэн Тимур ди газетеджэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Тхыльыщ1э

Абазэ Ибрэхьим и «Адыгэц1эхэр» тхылъыр Тыркум и къалащхьэ Анкара иджыблагъэ къыщыдэкІащ.

Лъэпкъыц1эхэр щыззэхуэхьэса

ТХЫЛЪЫМ и пэублэ псалъэм и лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэм адыгэцІэ дахэ фІащыну къыщыхуриджэкІэ, Абазэм жеІэ дэтхэнэ зы лъэпкъми езым и бзэмкІэ и быным фІища цІэм нэхърэ нэхь дахэ зэрыщымыІэр. Абы къыкІэлъытэ щІэблэр къыдэкІуэтеймэ, я цІэм зэрыригушхуэнур икІи шэч къытрихьэркъым ар къыфІэзыща нэхъыжьхэм фІыщІэ зэрыхуащІынум.

Абазэ Ибрэхьим къыхегъэщ адыгэхэм хьэрпІ, тырку, урыс, латин цІэкІэ я бынхэм зэрыфІащыр и жагъэ зэрыхьур. Ар къыльытэри, дяпэкІэ ди щІэблэм адыгэцІэкІэ яхуэупсэн гугъэ иІэу, тхылъым щыззэхуэхьэсащ хъыджэбзыцІэхэмрэ щІалэцІэхэмрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, тхылъым адыгэцІэу 3.500-рэ абы зэрыщыІэзэхуихьэсар.

КъыдэкІыгъуэр щигъэхьэзырым, Абазэм къигъэсэбэпащ Шэрджэс Алий и «АдыгэцІэхэр», Пщыбий Инал и «Адыгэ унэцІэхэр, цІэхэр, лъэпкъ дамыгъэхэр» тхылъхэр, Къардэнгъущ Зырамыкурэ МафІэдз Сэрэбийрэ я лажьыгъэ. «Іуащъхэмахуэ» журналыр, «Адыгэ псалъэ» газетыр, Тыркум щыпсэу адыгэхэм фІащ цІэхэр.

Дыщогуфъ Абазэ Ибрэхьим и «АдыгэцІэхэр» тхылъыр зы щІэблэ, Іуэхущ1апІэ, Іуэхущ1апІэ, Іуэхущ1апІ